# Dwa Ou Yo Antanke

## yon Pasyan Lopital nan Eta New York






Kenbe tiliv sa a pou referans ou.
Revize li avèk anpil atansyon epi divilge enfòmasyon ki ladan yo ba fanmi ou ak zanmi ou ki patisipe nan swen sante ou.

Kenbe tiliv sa a pou referans ou. Revize li avèk anpil atansyon epi divilge enfòmasyon ki ladan yo ba fanmi ou ak zanmi ou ki patisipe nan swen sante ou.

Gouvènman leta ak gouvènman federal egzije pou tout pasyan lopital ki nan Eta New York resevwa sèten enfòmasyon ak materyèl lè yo jwenn admisyon yo nan lopital. Tiliv sa gen ladann enfòmasyon sa yo yon sèl kote, li esplike dwa chak pasyan nan lopital genyen, epi gen ladann konsèy pou pasyan sou pi bon fason yo ka jwenn asistans.

Tiliv la genyen de seksyon:

- Premye seksyon tiliv la esplike dwa chak pasyan yo genyen nan Eta New York. Li gen ladann tou yon Glosè pou ede konprann tèm yo plis itilize nan lopital la.
- .Dezyèm seksyon an founi dokiman lalwa mande pou lopital la bay chak pasyan pandan yo nan yon lopital nan Eta New York,

Kesyon oswa Kòmantè: hospinfo@health.ny.gov

# Kontni


**Enfòmasyon sou Dwa Ou** . . . 2

Enfòmasyon sou Bezwen Espesyal Ou . . . 2

Enkyetid/Pwoblèm/Plent Sou Swen Yo Bay nan Lopital la . . . 3

Si Ou Panse Yo Mande Ou Kite Lopital la Twò Bonè . . . 4

Ou Gen Dwa Pou Fè yon Plent Sou:

- Doktè yo oswa Asistan Doktè . . . 5
- Lòt Pwofesyonèl Swen Sante yo . . . 5

Kesyon oswa Plent Sou Bòdwo Lopital Ou Oswa sou Asirans Sante Ou . . . 6

Aksè nan Dosye Medikal Ou . . . 7

Glosè . . . 8

**Règleman ak Enfòmasyon** . . . 12

Deklarasyon Dwa Pasyan . . . 13

Yon mesaj enpotan konsènan dwa w kòm pasyan ki entène nan lopital (pou pasyan ki pa gen Kouvèti Medicare) . . . 14

Avi konsènan Admisyon pou Pasyan ki nan Medicare . . . 16

Mesaj Enpòtan Medicare . . . 17

Fason pou Pran Desizyon sou Swen Sante: Yon Gid pou Pasyan yo ak Fanmi yo . . . 21

- Entwodiksyon . . . 22
- Pasyan Adilt Ki Gen Posiblite pou Pran Desizyon ki Baze sou Enfòmasyon yo Resevwa . . . 22
- Enstriksyon Davans/Pwokirasyon pou Swen Sante . . . 22
- Fason pou Pran Desizyon sou Swen Sante nan Lopital ak nan Mezon Retrèt . . . 23
- Desizyon pou Refize oswa pou Retire Tretman pou Sipòte lavi . . . 24
- Prensip pou Pran Desizyon pou Responsab Legal ak Reprezantan pou Swen Sante . . . 25
- Fason pou Rezoud Konfli . . . 27
- Lòd DNR Deyò Lopital ak Mezon Retrèt . . . 28

Fason pou Chwazi Ajan Swen Sante Ou—Lwa Eta New York sou Pwokirasyon pou Swen Sante . . . 29

Lèt kisoti nan New York State Department of Health (Sistèm pou pran done SPARCS) . . . 37

Enfòmasyon sou Matènite . . . 38

Vyolans nan Kay: Avi pou Pasyan Anvan Akouchman ak Pasyan Matènite . . . 39

Vyolans nan Kay: Avi Konsènan Dwa Viktim yo . . . 41

Deklarasyon Dwa Paran yo . . . 43

# Enfòmasyon sou Dwa Ou

**Lè ou se yon pasyan nan yon lopital Eta New York, ou gen sèten dwa ak pwoteksyon ki garanti avèk lwa ak règleman onivo eta ak federal.** Lwa ak règleman sa yo ede asire kalite ak sekirite swen sante ou nan lopital la. Pou ede ou konprann dwa ou yo, New York State Department of Health te devlope tiliv sa a.

**Kenbe tiliv sa a pou referans ou.** Revize li avèk anpil atansyon epi divilge enfòmasyon ki ladan yo ba fanmi ou ak zanmi ou ki patisipe nan swen sante ou.

Ou gen dwa pou patisipe nan desizyon n ap pran sou swen sante ou epitou pou konprann sa yo di ou konsènan swen sante ou ak tretman ou. Pa egzanp, ou gen dwa pou resevwa yon esplikasyon klè sou tès yo, tretman yo ak medikaman doktè ou preskri pou ou. Pa ezite poze kesyon sou doktè ou, enfimyè ou oswa manm ekip lopital la. **Ou gen dwa pou konnen sa k ap pase.**

**Chak pasyan se yon moun diferan, chak kantite tan ou pase nan lopital diferan.** Li enpòtan pou w ou konnen ki sèten dwa ki aplike pou ou ak sa pou fè si ou panse ou bezwen èd. Kèk dwa ak pwoteksyon, tankou sa ki detèmine lè ou kite lopital la, depannde fason ou resevwa avi kòrèk yo alekri. N ap ba ou enfòmasyon tou pou esplike ou kilè ak ki kote pou rele oswa pou ekri pou mande èd la.

**Si ou gen yon pwoblèm oswa si ou pa konprann yon bagay, pale avèk enfimyè ou, doktè ou, travayè sosyal oswa reprezantan pasyan ou.**

**Yo kapab:**

- ede ou jwenn repons;
- fè aranjman pou ou jwenn èd espesyal;
- pran kontak avèk fanmi ou;
- jwenn entèprèt lang peyi etranje ak entèprèt langaj siy; epi
- anjeneral fè tan ou pase nan lopital la pi fasil pou ou.

## Enfòmasyon sou Bezwen Espesyal Ou

**Chak lopital dwe mete ekip li disponib pou yo ba ou eksplikasyon oswa pou yo reponn kesyon ou yo sou dwa ou epitou pou yo ba ou enfòmasyon sou fason ou kapab pwoteje dwa sa yo.**

- Si ou gen pwoblèm pou tande oswa pou wè, oswa si angle pa lang natifnatal ou, yo dwe ba ou entèprèt ki konpetan pou ede ou. Yo dwe bawou tradiksyon ak/oubyen transkripsyon fòm lopital enpòtan, enstriksyon ak enfòmasyon si ou santi ou bezwen yo.

**Men ou dwe entèvni epitou ou dwe poze kesyon.**

Ou kapab kontakte yon reprezantan pasyan anvan ou antre nan lopital la pou asire yo fè aranjman espesyal pou ou lè rive nan lopital la.

- Si ou gen yon kesyon sou nenpòt nan enfòmasyon ki nan tiliv sa a oswa si ou panse yo pa satisfè bezwen ou yo kòmsadwa, mande reprezantan pasyan an oswa lòt manm ekip lopital la pou yo ba ou plis esplikasyon oswa kontakte New York State Department of Health (gade paj 3).

# Enkyetid/Pwoblèm/Plent Sou Swen Yo Bay nan Lopital la

Si ou gen yon enkyetid, yon pwoblèm oswa yon plent ki gen pou wè ak nenpòt aspè swen sante ou pandan tan ou pase nan lopital la, pale avèk doktè ou, enfimyè ou oswa manm ekip lopital la. Si ekip lopital la pa rezoud pwoblèm nan, ou ka kontakte New York State Department of Health pa lapòs oswa nan telefòn.

Ou ka rele nimewo gratis 1-800-804-5447 oswa ou ka fè yon plent alekri pou voye nan adrès:

New York State Department of Health Centralized Hospital Intake Program Mailstop: CA/DCS
Empire State Plaza
Albany, NY 12237

# Si Ou Panse Yo Mande Ou Kite Lopital la Twò Bonè.

**Ou gen dwa pou konteste desizyon** doktè ou, ekip lopital la oswa plan swen kontwole ou pran:

- sou lè ou dwe kite lopital la;
- si ou panse yo mande ou pou kite lopital la twò bonè;
- si ou kwè ou pa t resevwa plan ki konvnab oswa apwopriye pou swen medikal ou ak lòt sèvis ou ka bezwen apre ou kite lopital la; oubyen
- oswa si sèvis ou bezwen yo pa anplas

Lalwa egzije pou ou resevwa yon preyavi **alekri** k ap fè ou konnen:

- dat doktè ak/oswa lopital la planifye pou ba ou egzeyat;
- fason pou konteste si ou vle rete nan lopital la; epi
- yon nimewo espesyal pou rele pou nenpòt pwoblèm ou genyen ki gen pou wè ak lè ou kite lopital la.

Gade paj 14 la pou jwenn plis enfòmasyon.

## Pou Jwenn Asistans/Èd

Gen yon Ajan Evalyasyon Pwofesyonèl Endepandan (Independent Professional Review Agent, IPRA) pou zòn ou ak kouvèti asirans ou. Si ou ta bezwen asistans/èd nan IPRA, lopital la ap ba ou yon nimewo telefòn/moun pou kontakte. Gade paj 9 la ak paj 15 lan la pou jwenn plis enfòmasyon.

## Pou Pasyan ki nan Medicare Sèlman

Si ou panse yo mande ou pou kite lopital la twò bonè epi si ou pa t resevwa preyavi a ki fè ou konnen kilè pou kite lopital la, mande avi pou egzeyat ou (ki rele “Mesaj Enpòtan Medicare Konsènan Dwa Ou"). Si ou nan yon Òganizasyon Antretyen Swen Sante (Healthcare Maintenance Organization, HMO), ou ta dwe mande tou "Mesaj Enpòtan Medicare sou Dwa Ou". Ou dwe gen avi pou egzeyat la alekri pou ou kapab konteste desizyon doktè a ak lopital la sou lè ou dwe kite lopital la. Gade yon “Mesaj Enpòtan Medicare Konsènan Dwa ou” nan paj 17 la pou jwenn yon eksplikasyon okonplè.

## Pou Pasyan Swen Kontwole yo

Si ou se yon pasyan ki antre nan yon HMO oswa nan yon plan swen kontwole, toudabò mande/soumèt yon kontestasyon espeditif ba HMO oswa ba komite evalyasyon itilizasyon plan an si ou panse yo limite avantaj ou yo oswa ba ou refi pou yo yon fason ki pa onèt, oswa si yo mande ou pou kite lopital la twò bonè, oswa si yo retire sèvis ki nesesè yo pou rezon medikal nan pwoteksyon ou. Si ou pa satisfè avèk rezilta demann kontestasyon sa a, ou ka kontakte New York State Department of Health depi ou rele nimewo: **1-800-206-8125.**

Lwa 1996 sou Swen Kontwole (Managed Care Law of 1996) ki amande Lwa 4408, Divilgasyon Enfòmasyon.

# Ou Gen Dwa Pou Fè yon Plent Sou

## • Doktè yo oswa Asistan Doktè yo

Si ou panse ou te resevwa swen sante ki pa konpetan, ki neglijan oswa ki gen fwod nan men yon doktè oswa yon asistan doktè, ou ka fè yon rapò pou voye ba Biwo Konduit Medikal Pwofesyonèl nan New York State Department of Health (Office of Professional Medical Conduct, OPMC). OPMC ap fè yon ankèt sou tout rapò move konduit pwofesyonèl doktè yo ak asistan doktè yo ka genyen. Rapò yo dwe gen ladan yo tout non ak adrès doktè a oswa asistan doktè a ak tout enfòmasyon enpòtan yo. Ou dwe fè rapò yo alekri pou voye ba:

**New York State Department of Health**
**Office of Professional Medical Conduct**
**Intake Unit**
**Riverview Center**
**150 Broadway, Suite 355**
**Albany, NY 12204-2719**

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou jwenn yon fòm plent, rele **nimewo 1-800-663-6114** oswa ale sou sitwèb Depatman Sante nan health.ny.gov/professionals/doctors/conduct/

Yo kenbe rapò yo konfidansyèl. Yon ankèt ka lakòz on gen odyans fòmèl devan yon komite Komisyon pou itilize Medikal Pwofesyonèl. Komisyon an ap gen ladan doktè yo ak manm konsomatè Komisyon Sante a chwazi.

Gade paj 10 Glosè a pou jwenn kèk egzanp "move konduit medikal" yon doktè oswa yon asistan doktè.

## • Lòt Pwofesyonèl Swen Sante

Si ou panse ou te resevwa swen sante ki pa konpetan, ki neglijan oswa ki gen fwod nan men nenpòt pwofesyonèl swen sante lisansye, tankou enfimyè, dantis, travayè sosyal, optometris, sikològ, espesyalis terapi fizik oswa espesyalis ègoterapi ak podyat,ou ka fè yon plent depi ou kontakte:

**New York State Education Department**
**Office of Professional Discipline**
**475 Park Avenue South**
**2nd Floor**
**New York, New York 10016**
**1-800-442-8106**

# Kesyon oswa Plent Sou Bòdwo Lopital Ou Oswa sou Asirans Sante Ou

- Lè ou se yon pasyan nan lopital la, ou gen dwa pou resevwa yon bòdwo ki detaye.
- Bòdwo lopital ou ka idantifye yon frè ki rele yon "frè siplemantè." Frè siplemantè sa yo finanse pwogram piblik enpòtan epi yo la depi ane anvan yo, menmsi yo ka pa t parèt kòm frè apa sou bòdwo a. Frè siplemantè a reprezante yon kantite lajan anplis ou dwe sou bòdwo total lopital ou nan Eta New York epi, selon kontra asirans ou, lwa Eta New York pèmèt yo ba ou bòdwo pou yon pòsyon nan frè sa yo.
- Lopital yo ap negosye tarif peman yo avèk konpayi asirans yo, HMO yo ak lòt kalite plan swen kontwole, ak konpayi asirans komèsyal yo ak gwoup ki gen asirans pa yo. Tarif sa yo ka pa menm. Kontakte konpayi asirans ou pou nenpòt kesyon ou ka genyen konsènan pwoteksyon ou.

**Si ou gen kesyon sou pwoteksyon ou, sou sèvis yo ba ou bòdwo pou yo oswa sou kantite lajan ou peye yo, kontakte biwo faktirasyon lopital la ak konpayi asirans ou pou rezoud nenpòt kesyon/pwoblèm ou ka genyen.**

## Pou Pasyan ki nan Medicare yo

Si ou se yon pasyan ki nan Medicare epi ou gen kesyon sou bòdwo lopital ou, rele Medicare ou:
**1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)**

## Pou Pasyan Swen Kontwole yo

Si ou antre nan yon plan swen kontwole epi si ou gen pwoblèm pou resevwa swen sante a oswa si ou panse ou pa satisfè pou swen sante ou resevwa a, ou ka pote plent ba plan an. Tiliv ki bay enfòmasyon sou plan an DWE fè ou konnen fason pou pote plent lan ak fason pou jwenn yon evalyasyon imedyat. Si ou pa satisfè avèk repons HMO oswa avèk repons plan an pou plent ou, kontakte New York State Department of Health nan nimewo:
**1-800-206-8125**

Enskri swen kontwole Medicare ka rele Livanta:
**1-866-815-5440**

# Aksè nan Dosye Medikal Ou

**Lwa Eta New York egzije pou tout pratisyen swen sante yo ak sant medikal yo bay pasyan yo aksè nan pwòp dosye medikal yo.** Seksyon 18 Lwa sou Sante Piblik la gen ladann metòd pou mete dosye sa yo disponib ak kondisyon ki kapab lakòz yon pwofesyonèl swen sante ka jwenn refi pou aksè nan dosye yo. Pasyan yo ka mande enfòmasyon, alekri, menm jan tou paran oswa responsab legal ki te bay otorizasyon pou swen pitit yo ka fè sa.

Si ou **vle wè** dosye medial ou, mande doktè ou ak/oswa direktè dosye medikal ki nan lopital la. Lwa Eta New York ba ou garanti pou jwenn okazyon pou enspekte dosye medikal ou nan 10 jou apre ou fè demann alekri ou.

Si ou **vle gen yon kopi** dosye medikal ou yo, ou dwe soumèt yon demann alekri ba lopital la. Voye demann lan ba Direktè Dosye Medikal la nan lopital la. Si ou mande yon kopi dosye ou yo, lopital la ka fè ou peye jiska 75 santim pou chak paj.

Si lopital la **pa rekonèt** oswa pa pran yon desizyon sou demann ou, ou ka pote plent ba Depatman Sante depi ou rele nimewo 1-800-804-5447.

**Si ou jwenn refi pou gen aksè** nan tout dosye lopital ou oswa yon pati ladan yo, ou ka voye yon kontestasyon ba Komite Evalyasyon Aksè nan Dosye Medikal New York State Department of Health la. Lopital la/ doktè a gen obligasyon pou bay yon fòm (DOH-1989) k ap endike rezon (yo) pou refi a ak enfòmasyon sou pwosesis kontestasyon an. Founisè a gen obligasyon pou bay fòm nan epi konplete l dapre seksyon 18 Lwa sou Sante Piblik la. Yon deskripsyon tout pwosesis la, ki gen ladan l fòm pou itlize a,fason pou apèl la fèt epi sa ki dwe fèt si yo refize kontestasyon an nan lyen sa: health.ny.gov/professionals/patients/patient_rights/docs/you_and_your_health_records.htm

# Glosè

**Enstwiksyon davans**

Enstriksyon Davans se lòd aloral oswa alekri ou bay anvan yon maladi oswa yon chòk ki lakòz ou vin entatad (gade paj 22). Enstwiksyon davans yo fè konnen pou yo swiv tout sa ou vle konsènan tretman ou sizoka ou twò malad oswa ou paanmezi pou pran desizyon sou swen sante ou. Enstwiksyon davans yo gen ladan yo men pa sa sèlman, yon **pwokirasyon pou swen sante,** yon konsantman pou yon **lòd pa resisite** ki anrejistre nan dosye medikal ou ak nan yon **testaman byolojik.**

**Reyanimasyon Kadyopilmonè (CPR nan lang angle)**

CPR se yon pwosedi medikal yo itilize pou fè kè ak poumon yon pasyan rekòmanse fonksyone lè respirasyon oswa sikilasyon pasyan an sispann (gade paj 24).

**Gwoup Dyagnostik Konèks (Diagnosis related group, DRG)**

Sistèm gwoup dyagnostik konèks la klase tout kalite rezon moun entène nan lopital an apeprè 600 gwoup pou detèmine kantite lajan asirans ou pral peye lopital la. Sistèm DRG a baze sou pri mwayen pou trete yon pasyan ki nan menm entèval laj la, doktè dekouvri ki gen menm maladi a oswa maladi sanblab epitou ki bezwen menm kalite tretman. Pa egzanp, yo peye yon kantite lajan pou pasyan ki gen nemoni e yo peye yon lòt kantite lajan pasyan ki gen hanch li kase. Li konsidere depans lopital, frè rejyon an, enflasyon ak bezwen pasyan an. The New York State Department of Health devlope tarif peman Medicaid ak Konpansasyon Travayè/tarif peman San Fot pou chak DRG ki nan chak lopital. **Sa pa limite kantite jou yon pasyan ka pase nan lopital la.** Y ap detèmine kantite jou w ap pase nan lopital la selon pwoblèm medikal ou. (Nòt: Sèten inite ak sant medikal espesyalize pa itilize DRG yo.)

**Avi Egzeyat**

Yon avi pou egzeyat nan lopital Eta New York ta dwe gen ladan enfòmasyon sou dat egzeyat ou ak fason pou konteste avi a si ou pa dakò avèk li. Yo dwe bay yon avi pou egzeyat pou tout pasyan yo (sof pasyan ki nan Medicare yo k ap resevwa kopi yon "Mesaj Enpòtan Medicare") **alekri** 24 èdtan anvan yo kite lopital la. **Pasyan ki nan Medicare yo dwe mande yon avi egzeyat alekri ("Mesaj Enpòtan Medicare") si yo pa dakò avèk egzeyat la.** Si ou mande sa, yo dwe ba ou avi a. Lè yo bay pasyan Medicare avi a epi si li pa dakò avèk avi a, li kapab fè yon kontestasyon.

**Plan Egzeyat**T

out pasyan yo (ak pasyan ki nan Medicare yo tou) ki nan lopital Eta New York dwe resevwa **yon plan egzeyat alekri** anvan yo kite lopital la. Plan sa a ta dwe dekri aranjman pou nenpòt sèvis swen sante ou ka bezwen apre ou kite lopital la. **Ou dwe jwenn sèvis nesesè yo ki dekri nan plan sa a oswa yo dwe mete sèvis yo disponib pou ou anvan ou kite lopital.**

**Planifikasyon Egzeyat**

Planifikasyon egzeyat se pwosesis kote ekip lopital la travay avèk ou ak fanmi ou oswa avèk yon moun k ap pran desizyon sou non ou pou prepare swen sante ou epi pou fè aranjman pou sa lè ou kite lopital la. Swen sante sa a se ka swen ou bay tèt ou poukont ou, swen manm fanmi ou,èd sante nan kay ba ou oswa swen ou resevwa lè ou jwenn admisyon ou nan yon lòt sant sante. Planifikasyon egzeyat la gen ladan evalyasyon ak idantifikasyon sa bezwen ou yo pral ye lè ou kite lopital la ak planifikasyon pou ou resevwa swen apwopriye pou satisfè bezwen ou yo lè ou jwenn egzeyat. **Yo dwe ba ou yon plan alekri anvan ou kite lopital la.** Anjeneral planifikasyon egzeyat la gen pou wè ak pasyan an, manm fanmi li oswa moun ou chwazi pou pran desizyon sou non ou, doktè ou ak yon manm ekip lopital la. Kèk lopital gen manm ekip ki

rele “planifikatè egzeyat.” Nan lòt lopital yo, se yon enfimyè oswa yon travayè sosyal ki ka ede ou nan planifikasyon egzeyat la.

**Lòd pou pa Resisite w, (DNR nan lang angle)**

Sou demann ou, lopital la ka mete yon lòd DNR nan dosye medikal ou. Li bay ekip medikal la enstwiksyon pou yo pa eseye reyanime ou si respirasyon ou oswa batman kè ou sispann. Sa vle di doktè yo, enfimyè yo ak lòt pratisyen swen sante yo p ap fè pwosedi ijans sa yo tankou reyanimasyon bouch-nan-bouch, konpresyon pwatrin nan pa deyò, chòk elektrik, mete yon tib pou louvri gòjèt ou, enjeksyon medikaman nan kè ou oswa louvri pwatrin ou. Dapre lwa Eta New York, tout pasyan adilt yo kapab mande yon lòd DNR aloral oswa alekri si gen de (2) temwen ki prezan. Mete sou sa, Lwa sou Pwokirasyon Swent Sante a pèmèt ou chwazi yon moun pou fè desizyon sou DNR ak lòt tretman si ou vin pa anmezi pou fè sa.

**Fòm Pwokirasyon pou Swen Sante**

Eta New York gen yon lwa ki pèmèt ou chwazi yon moun ou fè konfyans, pa egzanp, yon manm fanmi ou oswa yon zanmi pwòch ou kòm Ajan Swen Sante ou, pou pran desizyon sou tretman ou sizoka ou pèdi kapasite ou pou pran desizyon pou tèt ou. Ou ka itilize fòm sa tou pou presize sa w vle konsènan don ògan sizoka ou mouri (gade paj 29)

**Ajan Evalyasyon Pwofesyonèl Endepandan (IPRA nan lang angle)**

Ajan evalyasyon sa yo travay sou kontestasyon yo pou pasyan ki pwoteje avèk Medicaid, konpayi asirans prive, oswa pasyan ki pa gen okenn asirans si yo gen pwoblèm pou yo resevwa swen sante y ap bezwen apre yo jwenn egzeyat yo nan lopital la. Pa egzanp, yon IPRA ta evalye dosye medikal pasyan ki jwenn egzeyat yo anvan yo pare sou plan medikal, epitou si yo pa t fè yon plan egzeyat apwopriye oswa si yo pa t mete sèvis apwopriye yo anplas.

**Island Peer Review Organizations (IPRO)**

Island Peer Review Organization (IPRO) travay avèk New York State Department of Health pou fè evalyasyon swen sante yo bay moun ki elijib pou Medicaid. Se ajans pasyan ki nan Medicaid yo ta dwe kontakte si yo panse yo jwenn egzeyat yo twò bonè nan lopital la. Rele gratis nan 1-800-648-4776, oswa 1-516-326-6131.

**Livanta**

Òganizasyon sa a se òganizasyon pou amelyorasyon kalite ki gen kontra avèk gouvènman federal ak gouvènman leta pou evalye swen sante lopital la bay pou pasyan Medicare nan Eta New York.

- Se ajans pasyan ki nan Medicare yo ta dwe kontakte si yo panse yo jwenn egzeyat yo twò bonè nan lopital. Pasyan ki gen kouvèti doub Medicare & Medicaid kapab rele Livanta gratis nan 1-866-815-5440.
- Si ou gen plent sou kalite swen sante ou resevwa a antan yon pasyan ki nan Medicare, rele Livanta gratis nan nimewo 1-866-815-5440.
- Moun ki itilize TTY ta dwe rele nimewo 1-866-868-2289.
- Livanta bay sèvis tradiksyon pou tout lang yo.

**Testaman Byolojik**

Yon testaman byolojik se yon dokiman ekri ki eksprime enstwiksyon ak chwa espesyal ou yo davans konsènan anpil kalite tretman medikal ak sèten pwoblèm medikal. Yo kapab rekonèt testaman byolojik yo kòm prèv ki montre tout sa ou vle yo (si ou fè konnen sa ou vle yo nan yon mannyè ki klè ak konvenkan) si ou malad grav epitou si ou pa kapab kominike.

**Swen kontwole**

Swen kontwole vle di fason yo òganize swen sante yon moun (oswa manm fanmi moun nan) ak fason yo peye pou li. Menmsi yo pi byen konnen òganizasyon antretyen sante (health maintenance organizations, HMO) yo kòm plan swen kontwole, gen anpil lòt kalite. Si ou anrejistre nan yon plan swen kontwole, se plan an oswa doktè swen primè ou ki kowòdone aksè ou nan sèvis swen sante yo. Poutèt sa, ou ta dwe konprann kijan, kilè ak ki kote pou gen aksè nan sèvis swen sante yo, tankou sèvis nan lopital, dapre règ ak avantaj plan ou. Li enfòmasyon sou enskripsyon plan ou avèk anpil atansyon epi poze reprezantan plan ou kesyon ou genyen yo pou asire ou konprann avantaj ou yo, dwa ou yo ak responsablite ou yo.

**Medicaid**

(Tit XIX Lwa sou Sekirite Sosyal la) Medicid se yon pwogram federal yo finanse avèk lajan gouvènman federal, gouvènman leta ak gouvènman lokal. Pwogram sa a la pou bay aksè nan sèvis swen sante pou moun pòv yo, sitou moun ki satisfè sèten kondisyon pou yo kalifye tankou nivo revni yo.

**Move Konduit Medikal**

Si ou panse ou te resevwa yon move kalite swen sante oswa yon swen sante ki nan nivo enferyè (swen sante ki pa konpetan, ki neglijan oswa ki gen fwod ladan) nan men yon doktè oswa yon asistan doktè, ou ka fè yon rapò pou voye ba New York State Department of Health. Doktè yo ak lòt pwofesyonèl swen sante yo gen obligasyon dapre lalwa pou yo rapòte nenpòt ka move konduit yo sispèk.

Men kèk egzanp move konduit medikal:

- Lè moun nan pratike pwofesyon an yon fason malonèt, oswa avèk yon enkonpetans gwosye oswa avèk neglijans;
- lè moun nan pratike pwofesyon an pandan li anba alkòl, dwòg, pandan li gen yon andikap fizik oswa mantal;
- lè lajistis kondane moun nan pou yon krim;
- lè moun nan refize bay sèvis medikal yo akòz ras, kwayans, koulè oswa orijin etnik pasyan an;
- lè moun nan garanti pasyan an pral geri apre li resevwa sèvis medikal yo;
- lè moun nan pa mete kopi radyografi oswa dosye medikal yo disponib pou pasyan oswa pou yon lòt pasyan apre yon pasyan fè yon demann alekri pou sa;
- lè moun nan fè espre pou fè yon fo rapò, oswa lè moun nan pa fè yon rapò lalwa egzije oswa lè moun nan ankouraje yon lòt moun pou fè sa;
- lè moun nan fè espre pou asele, abize oswa kraponnen yon pasyan; epi,
- lè moun nan rekòmande tès oswa tretman ki egzajere;
- lè moun nan fè pwomosyon pou lavant sèvis, machandiz, aparèy menaje oswa medikaman nan yon mannyè ki eksplwate pasyan an;

- lè moun nan abandone oswa neglije yon pasyan k ap resevwa oswa ki bezwen swen pwofesyonèl imedyat.

Pou plis enfòmasyon, Lwa sou Edikasyon NYS defini move konduit medikal nan seksyon 6531 nan lyen sa a: health.ny.gov/professionals/doctors/conduct/laws.htm

**Medicare**

Medicare se yon pwogram federal ki anba kontwòl gouvènman federal la, epi ki peye yon pati nan frè sèvis medikal yo pou moun ki gen laj 65 ane oswa plis oswa ki andikape. Elijibilite chita sou laj ak enfimite sèlman.

**Odonans Medikal pou Tretman Pou Kenbe lavi (MOLST)**

Respekte preferans pasyan se yon eleman enpòtan nan founi swen kalite nan fen lavi. Pou ede doktè ak lòt founisè swen sante diskite epi transmèt swè yon pasyan konsènan reanimasyon kadyopilmonè (CPR) ak lòt tretman pou kenbe lavi, Depatman Sante apwouve yon fòm òdonans doktè DOH-5003 Odonans Medikal pou Tretman pou Kenbe Lavi (MOLST), yon pratisyonè ak sant ki ka itilize nan tout eta. MOLST fèt pou pasyan ki soufri maladi grav ki:

- vle evite oswa resevwa youn oswa tout tretman kap kenbe lavi;
- rezidan nan yon sant swen alontèm oswa mande sèvis swen alontèm; ak/oswa
- ta ka mouri nan ane kap vini a.

Ou ka jwenn fòm lan ak plis enfòmasyon nan lyen sa: health.ny.gov/professionals/patients/patient_rights/molst/

**Reprezantan pasyan**

Reprezantan pasyan se yon manm nan ekip lopital la ki sèvi kòm yon koneksyon ant pasyan a, fanmi pasyan an, doktè yo ak lòt ekip lopital la. Reprezantan pasyan an ta dwe disponib pou reponn kesyon sou pwosedi lopital la, pou ede avèk bezwen espesyal oswa enkyetid epitou pou ede rezoud pwoblèm yo. Reprezantan pasyan an abitye avèk tout sèvis lopital la epitou l ap ede ou. Pa gen frè pou peye pou resevwa sèvis reprezantan pasyan an.

**Oganizasyon Amelyorasyon Kalite**

(QIO) se ajans ki responsab evalyasyon kontini swen sante yo bay moun ki elijib pou Medicare. Nan Eta New York, QIO a se Livanta (gade paj 9)

**Evalyasyon itilizasyon**

Evalyasyon Itilizasyon se yon pwosesis kote yo evalye bezwen pou swen sante a, si swen sante a apwopriye ak efikas. Se yon komite evalyasyon itilizasyon (utilization review, UR) lopital la, yon Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite (Quality Improvement Organization, QIO) (gade QIO), yon ajans piblik (depatman sante pa egzanp) oswa yon òganizasyon endepandan.

# Règleman ak Enfòmasyon

Seksyon sa a prezante chak dokiman lalwa egzije pou ou resevwa antan yon pasyan ki entène nan yon lopital nan Eta New York.


Dwa Pasyan yo

- Deklarasyon Dwa Pasyan . . . . . 13
- Yom mesaj enpòtan dwa w kòm pasyan ki entène nan lopital (pou pasyan ki pa gen Kouvèti Medicare) . . . . . 14
- Avi konsènan Admisyon pou Pasyan ki nan Medicare . . . . . 16
- Mesaj Enpòtan Medicare . . . . . 17

Fason pou Pran Desizyon sou Swen Sante: Yon Gid pou Pasyan yo ak Fanmi yo . . . . . 21

Fason pou Chwazi Ajan Swen Sante Ou—Lwa Eta New York sou Pwokirasyon pou Swen Sante . . . . . 29

- Fòm Pwokirasyon pou Swen Sante . . . . . 34

Rasanblaj Done

- Lèt kisoti nan New York State Department of Health (eksplike sistèm pou pran done SPARCS yo) . . . . . 35

Enfòmasyon ou dwe bay lè w ap enskri si ou se yon pasyan matènite:

- Enfòmasyon sou Matènite . . . . . 36

Vyolans Domestik: Avi pou Pasyan Anvan Akouchman ak Pasyan Matènite . . . . . 37

Vyolans Domestik: Avi Konsènan Dwa Viktim yo . . . . . 39

Deklarasyon Dwa Paran yo . . . . . 41


Enfòmasyon ou dwe bay anvan ou kite lopital la:

- **Tout**pasyan yo dwe resevwa yon plan egzeyat alekri.
- Pasyan ki nan **Medicare** yo ap resevwa yon kopi "Mesaj Enpòtan Medicare".
- **Tout** lòt pasyan yo dwe resevwa yon avi pou egzeyat nan lopital la.

**Si ou gen pwoblèm pou konprann nenpòt enfòmasyon oswa si ou gen nenpòt kesyon konsènan dokiman sa yo, mande ekip lopital la pou yo ba ou yon eksplikasyon. Ou gen dwa pou sa!**

# Deklarasyon Dwa Pasyan

**Lè ou se yon pasyan ki nan yon lopital Eta New York, ou gen dwa, ki annamoni avèk lalwa, pou:**

(1) Konprann dwa sa yo, epi sèvi avèk yo. Si pou nenpòt rezon ou pa konprann, oswa si ou bezwen èd, lopital la DWE ba ou asistans, tankou yon entèprèt.

(2) Resevwa tretman san diskriminasyon poutèt ras, koulè, relijyon, sèks, peyi kote w soti, enfimite, oryantasyon seksyèl, sous peman oubyen laj.

(3) Resevwa swen avèk konsiderasyon ak respè nan yon anviwònman ki pwòp ak pwoteje san okenn restriksyon ki pa nesesè.

(4) Resevwa swen dijans si w bezwen sa.

(5) Jwenn enfòmasyon sou non ak pòs travay doktè k ap responsab pou ba ou swen sante nan lopital la.

(6) Konnen non, pòs travay ak fonksyon nenpòt anplwaye lopital la ki patisipe nan ba ou swen, epi refize resevwa tretman anplwaye sa yo, egzamen yo oswa obsèvasyon yo.

(7) Idantifye yon moun pou pran swen w ki pou patisipe nan planifikasyon egzeyat ou epi ki pou bay enfòmasyon sou swen sante ou oswa sou enstriksyon yo apre egzeyat ou.

(8) Resevwa tout enfòmasyon ou bezwen sou dyagnostik, tretman ak pwonostik sou sante w.

(9) Resevwa tout enfòmasyon ou bezwen anvan ou bay yon konsantman eklere pou nenpòt pwosedi oswa nenpòt tretman yo pwopoze fè. Enfòmasyon sa yo dwe gen ladan risk ak avantaj posib pwosedi a oswa tretman an.

(10) Resevwa tout enfòmasyon ou bezwen anvan ou bay yon konsantman eklere pou lòd pou yo pa fè reyanimasyon pou ou. Ou gen dwa tou pou chwazi yon moun pou bay konsantman sa a pou ou si ou twò malad pou fè sa. Si ou ta renmen jwenn lòt enfòmasyon, tanpri mande yon kopi tiliv ki rele “Deciding About Health Care --- A Guide for Patients and Families” (Desizyon Konsènan Swen Sante — Yon Gid pou Pasyan yo ak Fanmi yo).

(11) Refize tretman epi pou yo di w ki efè sa ka gen sou sante w.

(12) Refize patisipe nan rechèch. Nan deside si pou patisipe oswa pou pa patisipe, ou gen dwa pou jwenn yon eksplikasyon an detay.

(13) Yo respekte entimite w pandan ou nan lopital la, ak konfidansyalite tout enfòmasyon ak dosye konsènan swen sante w.

(14) Patisipe nan tout desizyon k ap pran sou tretman ak egzeyat ou nan lopital la. Lopital la dwe ba ou yon plan egzeyat alekri ak deskripsyon alekri ak yon deskripsyon alekri sou fason ou kapab konteste egzeyat ou.

(15) Gade dosye medikal ou san ou pa bezwen peye. Jwenn yon kopi dosye medikal ou kote lopital la kapab fè ou peye yon frè ki rezonab. Ou pa kapab jwenn refi pou yon kopi sèlman paske ou kapab peye li.

(16) Resevwa yon bòdwo detaye, ak eksplikasyon tout frè yo mande w peye yo.

(17) Wè yon lis frè nòmal lopital la reklame pou atik ak sèvis ak plan sante kote lopital la se yon patnè.

(18) Ou gen dwa pou konteste bòdwo ou pa t espere nan pwosesis Rezolisyon Konfli Endepandan.

(19) Pote plent, san w pa pè reprezay pou swen ak sèvis w ap resevwa yo, epi fè lopital la reponn ou, e pou lopital la ba ou yon repons alekri si w mande sa. Si ou pa satisfè avèk repons lopital la, ou kapab pote plent nan New York State Department of Health. Lopital la dwe ba ou nimewo telefòn Depatman Sante a.

(20.) Otorize manm fanmi w ak lòt adilt ki pral resevwa priyorite pou vizit, selon kapasite w pou resevwa vizitè.

(21) Fè konnen volonte w sou kesyon don ògàn. Moun ki gen sèzan oswa plis ka dokimante konsantman yo bay pou fè don ògan yo., jye, tisi, lè yo mouri nan enskri nan NYS Donate Life Registry oswa kapab dokimante konsantman yo pou fè don ògan ak/oswa tisi yo alekri nan plizye fason( pa egzanp yon prokirasyon swen sante, testaman, kat donatè, oswa kèk lòt papye siyen). Prokirasyon swen sante yo disponib nan lopital la.

Lwa sou Sante Piblik (Public Health Law, PHL) 2803, (1)(g)Patient’s Rights, 10NYCRR, 405.7,405.7(a)(1),405.7(c)

# Mesaj Enpòtan konsenan Dwa w kòm Pasyan ki Entène Lopital

## Dwa w Kòm Pasyan Entène Lopital

Ou gen pou resevwa nan lopital la tout swen ou bezwen pou tretman maladi w oswa blesi w. Yo dwe detèmine dat egzeyat ou sèlman dapre bezwen swen sante **OU**, pa dapre kategori DRG oswa asirans ou.

Ou gen dwa pou jwenn tout enfòmasyon konsènan desizyon ki afekte swen ak kouvèti asirans ou. **POZE KESYON.** Ou gen dwa pou chwazi yon reprezantan pou pran desizyon sou non ou.

Ou gen dwa pou konnen pwoblèm medikal ou. Pale avèk doktè ou sou pwoblèm medikal ou ak sou bezwen swen sante ou. Si ou gen kesyon oswa enkyetid sou sèvis nan lopital la, sou dat egzeyat ou oswa plan egzeyat ou, konsilte doktè ou oswa yon reprezantan lopital la (tankou enfimyè, travayè sosyal oswa planifikatè egzeyat).

Anvan ou jwenn egzeyat ou, ou dwe resevwa yon AVI alekri pou EGZEYAT ak yon PLAN EGZEYAT alekri. Oumenm ak/oswa reprezantan ou gen dwa pou patisipe nan planifikasyon egzeyat ou.

Ou gen dwa pou konteste plan egzeyat alekri a oswa avi ou resevwa nan lopital la

## Si Ou Panse Yo Mande Ou Kite Lopital la Twò Bonè

Asire ou resevwa avi alekri pou egzeyat lopital la dwe ba ou a. Ou bezwen avi sa a pou egzeyat la pou ou kapab konteste li.

Avi sa a ap endike kimoun pou rele ak kijan pou fè kontestasyon an. Pou evite peye frè siplemantè, ou dwe rele pou fè yon kontestasyon anvan dat yo planifye pou egzeyat ou. Si ou rate moman sa a, ou ka toujou fè kontestasyon an. Men, ou ka gen pou peye pou kontinye rete nan lopital la, si ou pèdi kontestasyon ou.

## Plan Egzeyat yo

Anplis dwa ou pou konteste, ou gen dwa pou resevwa yon plan egzeyat alekri ki dekri aranjman yo pou nenpòt swen sante ou ka bezwen pi devan apre egzeyat la. Ou ka pa jwenn egzeyat la jouk lè ou resevwa sèvis ki nesesè nan plan egzeyat alekri ou oswa jouk lè lopital la detèmine sèvis yo disponib yon fason rezonab Ou gen dwa tou pou konteste plan egzeyat la.

## Dwa Pasyan yo*

Ou dwe resevwa yon deklarasyon jeneral sou lòt dwa ou genyen kòm pasyan nan moman sa a.

## Pou Jwenn Asistans/Èd

Gen yon Ajan Evalyasyon Pwofesyonèl Endepandan (Independent Professional Review Agent, IPRA) pou zòn ou ak kouvèti asirans ou:

*Enfòmasyon sa yo endike nan tiliv sa a kounye a.

Yo dwe bay pasyan yo yon avi sou dwa yo konsènan admisyon yo ak egzeyat yo. Pasyan ki nan Medicare yo ap resevwa "Avi Admisyon nan Lopital pou Pasyan Medicare", epi tout lòt pasyan yo ap resevwa "Yon Mesaj Enpòtan Konsènan Dwa Ou kòm yon Pasyan ki Entène nan Lopital."

Lwa 2803 (1)  sou Sante Piblik (g) Evalyasyon Egzeyat

10NYCRR, 405.9 (b) (14) (i) ak 405.9 (b) (14) (ii)

Pasyan yo (oswa reprezantan pèsonèl yo chwazi) dwe resevwa yon avi alekri pou egzeyat ak kopi yon plan egzeyat la. Pasyan yo (oswa reprezantan yo) dwe resevwa posiblite pou yo siyen dokiman yo epitou pou yo resevwa yon kopi dokiman yo siyen yo.

10NYCRR, 405.9 (g) (1) ak 405.9 (g) (3) (i)

# Avi konsènan Admisyon pou Pasyan ki nan Medicare

**Ou gen dwa annapre yo dapre lwa Eta New York:**

Anvan ou jwenn egzeyat ou, ou dwe resevwa yon Plan Egzeyat alekri. Oumenm oswa reprezantan ou gen dwa pou patisipe nan planifikasyon egzeyat ou.

Plan Egzeyat alekri ou dwe dekri aranjman yo pou nenpòt swen sante ou ka bezwen pidevan apre egzeyat ou. Ou pa ka jwenn egzeyat la jouk lè ou resevwa sèvis ki nesesè nan plan egzeyat alekri ou oswa jouk lè lopital la detèmine sèvis yo disponib yon fason rezonab.

Si ou pa dakò avèk Plan Egzeyat la oswa si ou kwè sèvis yo pa disponib yon fason rezonab, ou ka rele New York State Department of Health pou yo fè yon ankèt sou plent ou ak sou sekirite egzeyat ou. Lopital la dwe ba ou nimewo telefòn Depatman Sante Eta a si ou mande li.

Pou jwenn enfòmasyon enpòtan sou dwa ou lè yon se yon pasyan ki nan Medicare, gade seksyon "Mesaj Enpòtan Medicare," nan paj apre a.

Yo dwe bay pasyan yo yon avi sou dwa yo konsènan admisyon yo ak egzeyat yo. Pasyan ki nan Medicare yo ap resevwa "Avi Admisyon nan Lopital pou Pasyan Medicare", epi tout lòt pasyan yo ap resevwa "Yon Mesaj Enpòtan Konsènan Dwa Ou kòm yon Pasyan ki Entène nan Lopital."

Lwa 2803 (1) sou Sante Piblik (g) Evalyasyon Egzeyat

10NYCRR, 405.9 (b) (14) (i) ak 405.9 (b) (14) (ii)

# Mesaj Enpòtan Medicare sou Dwa Ou yo

Non Pasyan an:
Nimewo ID Pasyan an:
Doktè:

DEPARTMENT OF HEALTH & HUMAN SERVICES
Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid
Apwobasyon OMB Nimewo 0938-0692

## YON MESAJ ENPOTAN MEDICARE SOU DWA OU YO

**Antanke yon Pasyan ki Entène Lopital, Ou Gen Dwa Pou:**

- Resevwa sèvis ki kouvri nan Medicare. Sa gen ladan sèvis nan lopital ki nesesè pou rezon medikal, ak sèvis ou ka bezwen apre ou fin egzeyate, si doktè ou te rekòmande yo pou ou. Ou gen dwa pou konnen kichòy sou sèvis sa yo, kimoun k ap peye pou yo, ak kote ou kapab jwenn yo.
- Patisipe nan nenpòt desizyon sou tan ou pase nan lopital la, ak konnen kimoun k ap peye pou sa.
- Fè Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite (Quality Improvement Organization, QIO) ki anba la a konnen nenpòt pwoblèm ou genyen sou kalite swen sante ou resevwa:

Non QIO
***Livanta***

Nimewo Telefòn QIO
***1-866-815-5440***

**Dwa pou Egzeyat Medicare Ou**

**Planifikasyon Pou Egzeyat Ou:** Pandan tan w ap pase nan lopital la, anplwaye lopital la ap travay avèk ou pou prepare pou egzeyat ou san pwoblèm, epitou pou yo fè aranjman pou sèvis ou ka bezwen apre ou fin kite lopital la. Lè ou pa bezwen swen nan lopital la ankò antanke pasyan ki entène, doktè ou oswa anplwaye lopital la ap fè ou konnen dat ki planifye pou egzeyat ou.

**Si ou panse ou egzeyate twò bonè:**

- Ou kapab pale avèk anplwaye lopital la, doktè ou, ak plan swen kontwole ou (si ou nan youn) konsènan enkyetid ou yo.
- Ou gen dwa tou pou fè yon kontestasyon, sa vle di, pou yon Òganizasyon Amelyorasyon Kalite revize dosye ou. QIO se yon evalyatè deyò Medicare anboche pou egzamine dosye ou pou deside si ou pare pou kite lopital la.
    - **Si ou vle fè yon kontestasyon, ou dwe kontakte QIO anvan dat ki planifye pou jwenn egzeyat ou, epitou anvan ou kite lopital la.**
    - Si ou fè sa, ou p ap gen pou peye pou sèvis ou resevwa yo pandan kontestasyon an (sof pou frè tankou kopeman ak franchiz).
- Si ou pa fè yon kontestasyon, men ou deside rete nan lopital la apre dat ki planifye pou egzeyat ou, ou ka gen pou peye pou nenpòt sèvis ou resevwa apre dat la.
- **W ap jwenn enstriksyon etap-pa-etap nan paj 2 a pou rele QIO ak pou fè yon kontestasyon.**

Pou pale avèk yon moun nan lopital la konsènan avi sa a, rele: ____________________ .

**Tanpri siyen ak mete dat la a pou montre ou te resevwa avi sa a, epitou pou montre ou konprann dwa ou yo.**

| Siyati Pasyan an oswa Reprezantan li | Dat/Lè |
|---|---|
| | |

Fòm CMS-R-193 (apwouve 07/10)

**Etap pou Konteste Egzeyat Ou**

- **Etap 1:** Ou dwe kontakte QIO a anvan dat yo planifye pou egzeyat ou, epitou anvan ou kite lopital la. Si ou fè sa, ou p ap gen pou peye pou sèvis ou resevwa yo pandan kontestasyon an (sof pou frè tankou kopeman ak franchiz).
  - O Men enfòmasyon pou kontakte QIO:

    Non QIO (an karaktè gra) ***Livanta***

    Nimewo Telefòn QIO ***1-866-815-5440***
  - Ou kapab fè yon demann pou yon kontestasyon nenpòt jou nan semèn nan. **Kontestasyon ou kòmanse depi ou pale avèk yon moun, oswa depi ou kite yon mesaj.**
  - Si ou bezwen èd pou kontakte QIO, mande lopital la.
  - Non lopital sa a se:

| Non Lopital la | Nimewo ID Pwofesyonèl Swen Sante a |
|---|---|
| | |

- **Etap 2**: W ap resevwa yon avi detaye nan lopital la oswa nan Medicare Advantage oswa nan lòt plan swen kontwole Medicare (si ou nan youn) k ap eksplike ou rezon ki fè yo panse ou pare pou egzeyate.
- **Etap 3:** QIO ap mande ou pwendvi ou. Oumenm oswa reprezantan ou bezwen disponib pou pale avèk QIO, si yo mande sa. Oumenm oswa reprezantan ou ka bay QIO yon deklarasyon alekri, men ou pa gen obligasyon pou bay deklarasyon an.
- **Etap 4:** QIO ap revize dosye medikal ou yo ak lòt enfòmasyon enpòtan konsènan dosye ou.
- **Etap 5:** QIO ap fè ou konnen desizyon li nan 1 jou ki vini apre li resevwa tout enfòmasyon ki nesesè yo.
  - Si QIO jwenn ou pa pare pou pran egzeyat ou, Medicare ap kontinye garanti sèvis ou yo nan lopital la.
  - Si QIO jwenn ou pare pou pran egzeyat ou, Medicare ap kontinye garanti sèvis ou yo jouk a midi nan jou a apre QIO fè ou konnen desizyon li.

**Si Ou Rate Dat Limit Pou Fè Kontestasyon An, Ou Gen Lòt Dwa Pou Fè Kontestasyon:**

- Ou kapab toujou mande QIO oswa plan ou (si ou nan youn) pou revize dosye ou:
  - Si ou gen Original Medicare: Rele QIO ki non li ekri anwo a.
  - Si ou nan yon Plan Medicare Advantage oswa lòt plan swen kontwole Medicare: Rele plan ou.
- Si ou rete nan lopital la, lopital la ka mande pou peye pou nenpòt sèvis ou resevwa apre dat ki planifye pou egzeyat ou.

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), oswa TTY: 1-877-486-2048.

**Lòt Enfòmasyon:**

Dapre Paperwork Reduction Act of 1995, yo pa dwe egzije okenn moun pou bay repons pou yon seri enfòmasyon, sof si seri enfòmasyon an genyen yon nimewo OMB valid. Nimewo kontwòl valid OMB pou kolekte enfòmasyon sa yo se 0938- 0692. Tan ki nesesè pou fin kolekte enfòmasyon sa yo estime anmwayèn a 15 minit pou chak repons, san bliye tan pou li enstriksyon yo, pou chèche resous done ki egziste yo, pou rasanble done ki nesesè yo, epitou pou reyalize ak revize ranmasaj enfòmasyon yo. Si ou gen kòmantè konsènan presizyon estimasyon tan (yo) oswa konsènan sijesyon pou amelyore fòm sa a, tanpri voye yon lèt ba: CMS, 7500 Security Boulevard, Attn: PRA Reports Clearance Officer, Mail Stop C4-26-05, Baltimore, Maryland 21244-1850.

Non Pasyan an:
Nimewo ID Pasyan an:
Doktè:

DEPARTMENT OF HEALTH & HUMAN SERVICES
Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid
Apwobasyon OMB Nimewo 0938-0692

# Enstwiksyon Avi a:
# MESAJ ENPÒTAN MEDICARE

**Fason pou Ranpli Avi a**

**Paj 1 Mesaj Enpòtan Medicare la**

## A. Antèt

Lopital yo dwe afiche “Department of Health & Human Services, Centers for Medicare Medicaid Services” ak nimewo OMB a

Lopital la dwe ranpli espas vid sa yo. Yo ka tape oswa ekri alamen pou moun ka li enfòmasyon lopital yo mete nan espas vid yo sou IM nan gwosè lèt 12 pwen oswa ekivalan an. Lopital yo ka itilize yon etikèt pasyan tou ki gen ladan enfòmasyon annapre yo:

**Non Pasyan an:** Mete tout non pasyan an.

**Nimewo ID Pasyan an:** Mete yon nimewo ID ki idantifye pasyan sa a. Nimewo sa a pa ta dwe nimewo sekirite sosyal la, ni li pa ta dwe genyen nimewo sekirite sosyal la ladan l

**Doktè:** Mete non doktè pasyan an.

## B. Pati Prensipal Avi a

**Pwen nimewo 3 – Rapòte nenpòt enkyetid ou genyen sou kalite swen sante ou resevwa ba Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite (Quality Improvement Organization, QIO) ki endike la a ___________________________ .**

Lopital yo ka enprime anvan oswa mete non ak nimewo telefòn nan (ansanm ak TTY) QIO a

**Pou pale avèk yon moun nan lopital la konsènan avi sa a, rele:** Mete yon nimewo telefòn nan lopital la pou pasyan oswa reprezantan ka rele pou kesyon li genyen sou avi a. Li ta pi bon pou ta mete yon non moun pou kontakte tou.

**Siyati Pasyan an oswa Reprezantan an:** Mande pasyan oswa reprezantan pou li siyen avi a pou deklare li te resevwa li epi li konprann sa ki nan avi a.

**Dat/Lè:** Mande pasyan oswa reprezantan pou li mete dat ak lè li te siyen avi a.

**Paj 2 Mesaj Enpòtan Medicare la**

**Premye sou-pwen - Mete non ak nimewo telefòn QIO an karaktè gra:** Mete non ak nimewo telefòn (ansanm ak TTY), an karaktè gra, Òganizasyon Amelyorasyon Kalite ki fè revizyon yo pou lopital la.

**Dezyèm sou-pwen - Non lopital sa a se:** Mete/enprime davans non lopital la, ansanm ak nimewo ID founisè sèvis Medicare la (pa nimewo telefòn nan).

**Lòt Enfòmasyon:** Lopital yo ka itilize seksyon sa a pou lòt dokiman, tankou, pa egzanp, pou yo jwenn inisyal benefisyè yo, dat ak lè pou yo note livrezon kopi pou swivi IM lan, oswa dokiman refi yo.

# Pran Desizyon
# Swen Sante

YON GID POU PASYAN AK FANMI YO



New York State Department of Health

## Entwodiksyon

**Kimoun ki ta dwe li gid sa a?**

Gid sa a se pou pasyan Eta New York yo epitou pou moun k ap pran desizyon sou swen sante pou pasyan yo. Li gen ladan enfòmasyon sou reprezantan pou swen sante k ap pran desizyon nan lopital la ak nan mezon retrèt yo. Li kouvri tou òdonans DNR nan yon sant swen sante, oswa nan kominote a. Paske gid sa a konsène desizyon y ap pran sou swen sante, yo itilize mo "pasyan" pou vle di nenpòt moun k ap resevwa swen medikal. Sa gen ladan yon rezidan nan yon kay retrèt. Gid sa a **pa** gen règ espesyal ladan pou desizyon responsab legal yo pran pou moun ki gen andikap devlòpman.

**Èske pasyan oswa lòt moun k ap pran desizyon an kapab chèche konnen pwoblèm medikal pasyan an ak tretman yo pwopoze pou li?**

Wi. Pasyan an oswa lòt moun k ap pran desizyon yo gen yon dwa pou yon doktè bay yo tout enfòmasyon sou pwoblèm medikal pasyan an ak sou tretman doktè a pwopoze pou li. Pasyan yo dwe bay konsantman eklere yo anvan yo resevwa nenpòt tretman oswa pwosedi ki pa pou ijans. Konsantman dapre enfòmasyon vle di apre ou resevwa enfòmasyon sou avantaj ak risk tretman yo (ak lòt chwa parapò ak tretman an), ou bay pèmisyon ou pou yo fè tretman an pou ou.

## Pasyan Adilt Ki Gen Posiblite pou Pran Desizyon ki Baze sou Enfòmasyon

**Èske pasyan adilt yo gen yon dwa pou pran pwòp desizyon yo sou swen sante yo?**

Wi. Pasyan adilt yo gen dwa pou yo pran desizyon sou tretman pou tèt yo depi yo gen konpetans pou pran desizyon an.

**Kisa"konpetans pou pran desizyon" ye?**

"Konpetans pou pran desizyon" se konpetans pou konprann ak apresye kalite ak konsekans swen sante yo pwopoze pou ou a. Sa gen ladan avantaj ak risk (ak lòt chwa parapò ak) swen sante ki pwopoze a. Li gen ladan tou konpetans pou pran yon desizyon ki baze sou enfòmasyon.

**Kisa pou mwen fè si mwen pa byen konprann si yon pasyan gen oswa pa gen konpetans pou pran desizyon? Kimoun k ap deside si pasyan an gen oswa pa gen konpetans sa a?**

Travayè swen sante yo ap sipoze pasyan yo gen konpetans pou yo pran desizyon, sof si yon tribinal chwazi yon responsab legal pou pran desizyon sou swen sante a. Yon doktè ap egzamine pasyan an pou konnen si gen bon rezon pou kwè pasyan an pa konpetan. Yon doktè dwe detèmine si yon pasyan pa konpetan pou li pran desizyon yo sou swen sante li. Yon lòt moun ap pran desizyon yo sou swen sante a pou pasyan an sèlman apre doktè pasyan an fè detèminasyon sa a.

**Èske manm fanmi yo ap toujou pran desizyon yo sou swen sante a kèlkeswa lè pasyan yo pa konpetan pou yo pran desizyon?**

Non. Pafwa pasyan yo pran yon desizyon sou yon pwosedi oswa tretman anvan yo vin pa gen konpetans pou yo pran desizyon. Pa egzanp, yon pasyan kapab bay konsantman li pou operasyon kote y ap mete li sou anestezi jeneral anvan li resevwa anestezi a, ki ta lakòz li vin pa konpetan pou pran desizyon. Lòt fwa yo, yon moun ki an sante ka vin pa gen konpetans toudenkou. Nan ka sa a, swen sante a ka nesesè pou yo bay moun nan touswit san konsantman li. Pa egzanp, yon moun ka pèdi konesans pandan yon aksidan. Pwofesyonèl swen sante yo ap bay tretman pou ijans san konsantman moun nan sof si yo konnen gen yon desizyon yo pran deja pou refize tretman ijans.

## Enstriksyon Davans/Pwokirasyon pou Swen Sante

**Kisa yon enstriksyon davans ye?**

Enstwiksyon davans yo se enstwiksyon alekri sou tretman swen sante pasyan adilt yo fè anvan yo vin pa gen konpetans pou yo pran desizyon. Nan Eta New York, pi bon fason pou pwoteje sa ou vle pou tretman ou ak enkyetid ou se chwazi yon moun ou fè konfyans ki pou pran desizyon sou tretman an si ou vin pa kapab pran desizyon an pou tèt ou. Si ou ranpli yon fòm ki rele yon pwokirasyon pou swen sante, moun sa a ap vin "ajan swen sante ou."

Anvan ou chwazi yon ajan swen sante, asire moun nan vle pran desizyon kòm ajan ou. Diskite avèk ajan ou sou ki kalite tretman ou ta vle oswa pa ta vle si ou te nan lopital epitou si ou te gen yon maladi oswa yon chòk ki menase lavi ou. Asire ajan swen sante ou konnen tout sa ou vle yo sou nitrisyon ak idratasyon atifisyèl (lè yo ba ou manje nan yon tib alimantasyon oswa nan yon liy IV). Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou pwokirasyon pou swen sante yo sou sitwèb:

**http://www.health.ny.gov/professionals/patients/ health_care_proxy/index.htm.**

Kèk pasyan fè konnen tou sèten enstwiksyon ak chwa sou tretman medikal yo alekri. Ou kapab mete yon deklarasyon alekri nan yon pwokirasyon pou swen sante, oswa pwokirasyon pou swen sante a kapab yon dokiman apa. Kèk moun konsidere kalite enstwiksyon davans sa a kòm yon "testaman byolojik."

**Kijan ajan swen sante yo pran desizyon yo anba yon pwokirasyon pou swen sante?**

Ajan swen sante yo pran desizyon yo tankou si ajan swen sante a te yon pasyan. Ajan swen sante a pran desizyon yo sou swen sante dapre tout sa pasyan an vle, tankou desizyon pou yo refize oswa retire tretman ki pou sipòte lavi. Si ajan swen sante yo pa byen konnen tout sa pasyan an vle, y ap pran desizyon yo sou swen sante a dapre pi bon enterè pasyan an.

**Èske yon ajan swen sante kapab deside pou refize oswa retire nitrisyon oswa idratasyon atifisyèl (nan yon tib alimantasyon oswa nan yon liy IV)?**

Ajan swen sante yo kapab sèlman pran desizyon pou yo refize oswa retire nitrisyon ak idratasyon atifisyèl anba pwokirasyon pou swen sante si yo konnen tout sa pasyan an vle yo sou tretman an. Men, ajan swen sante a kapab pran kalite desizyon sa a nan yon lopital oswa nan yon mezon retrèt kòm yon reprezantan pou swen sante ki endike nan lwa a.

## Fason pou Pran Desizyon sou Swen Sante nan Lopital ak nan Mezon Retrèt

**Kijan pasyan adilt ki gen konpetans pou pran desizyon fè desizyon nan lopital yo ak mezon retrèt yo?**

Pasyan yo ka fè konnen desizyon yo aloral oswa alekri. Yon pasyan lopital oswa yon rezidan mezon retrèt pa ka pran yon desizyon aloral pou refize oswa retire tretman ki sipòte lavi sof si gen de (2) adilt ki temwen desizyon an. Youn nan adilt yo dwe se yon pratisyen swen sante nan sant medikal la. Si yon pasyan pa gen konpetans kounye a pou pran yon desizyon (men li te pran yon desizyon anvan sou swen sante nou pwopoze pou li a), lopital la oswa mezon retrèt la ap aji dapre desizyon pasyan an te pran anvan. Sa vre sof si yon bagay rive epi pasyan an pa t prevwa sa epi desizyon an pa enpòtan ankò.

**Kijan yo pran desizyon sou swen sante pou yon pasyan lopital oswa yon rezidan mezon retrèt ki pa gen konpetans?**

Si pasyan an gen yon pwokirasyon pou swen sante, ajan swen sante ki endike nan pwokirasyon an ap pran desizyon yo. Si yon pasyan pa gen yon pwokirasyon pou swen sante, yon responsab legal (oswa moun ki gen pi plis otorizasyon nan lis reprezantan an, ki rele "reprezantan") ap pran desizyon.

**Kisa lis reprezantan ye?**

Anba la a se lis reprezantan an. Moun ki gen plis priyorite a endike nan tèt lis la. Moun ki gen mwens priyorite a anba lis la.

- Madanm/mari a, si li separe legalman avèk pasyan an, oswa patnè nan kay la;
- Yon pitit gason oswa yon pitit fi ki gen laj18 tan oswa plis;
- Yon paran;
- Yon frè oswa sè ki gen laj 18 tan oswa plis; epi
- Yon zanmi pwòch.

**Kisa yon “patnè nan kay ye”?**

Yon “patnè nan kay” se yon moun ki:

- nan yon relasyon fòmèl nan kay epi yon gouvènman lokal, eta oswa nasyonal rekonèt relasyon an.
  Oubyen, moun sa anrejistre kòm yon patnè nan kay ak yon rejis sou kontgouvenman oswa yon patwon;
- Li kouvri kòm yon patnè nan kay anba menm avantaj anplwa oswa asirans sante a; oswa moun sa
- li pataje yon entansyon komen pou l se yon patnè domestik ak pasyan, lè n konsidere tout sitiyasyon ak sikonstans tankou:
  - Y ap viv ansanm.
  - Youn depannde lòt pou sipò.
  - Yo posede oswa (anfème) kay yo oswa lòt pwopriyete yo ansanm.
  - Yo pataje revni oswa depans yo.
  - Yo edike timoun yo ansanm.
  - Yo planifye pou yo marye oswa pou yo vin patnè fòmèl nan kay.
  - Yo te ansanm pandan lontan.

**Kimoun ki pa kapab yon patnè nan kay?**

- Yon paran, yon granparan, yon timoun, yon pitit-pitit, yon frè, yon sè, yon tonton, yon tant, yon neve oswa nyès pasyan an oswa madanm/mari pasyan an.
- Yon moun ki poko gen laj 18 tan.

**Kimoun ki kalifye kòm "zanmi pwòch"?**

Yon “zanmi pwòch” se nenpòt moun ki gen laj 18 tan oswa plis, ki se yon zanmi oswa yon manm fanmi pasyan an. Moun sa a dwe te toujou gen kontak regilye avèk pasyan an; abitye avèk aktivite pasyan an, sante pasyan an, ak kwayans relijye oswa moral pasyan an; epitou li dwe prezante yon deklarasyon siyen pou sa ba doktè k ap swiv pasyan an.

**Kisa pou mwen fè si yon reprezantan ki gen pi plis priyorite pa disponib pou pran desizyon an?**

Si sa rive, pwochen reprezantan disponib ki gen plis priyorite a ap pran desizyon an.

**Kisa pou mwen fè si yon reprezantan ki gen pi plis priyorite pa kapab oswa pa vle pran desizyon an?**

Nan ka sa a, yon lòt moun ki nan lis reprezantan an ap pran desizyon an. Reprezantan ki gen plis priyorite a ka chwazi nenpòt lòt moun ki sou lis la pou vin reprezantan, toutotan yon moun ki gen plis priyorite pase moun yo chwazi a pa dakò.

**Èske pasyan yo oswa lòt moun k ap pran desizyon yo chanje lide yo apre yo pran yon desizyon sou tretman an?**

Wi. Yo ka anile desizyon yo apre yo pran desizyon yo depi yo fè ekip ki nan lopital la oswa mezon retrèt la konnen sa.

## Desizyon pou Refize oswa pou Retire Tretman pou Sipòte lavi nan Lopital ak Mezon Retrèt

**Kisa "tretman pou sipòte lavi" ye?**

“Tretman pou Sipòte Lavi” vle di doktè k ap swiv pasyan an kwè pasyan an pral mouri nan yon tan ki kout ase si pasyan an pa resevwa tretman medikal oswa pwosedi medikal. Yo toujou konsidere CPR kòm yon tretman pou sipòte lavi.

**Kisa CPR ye?**

CFR (re-animasyon kadyo-pilmonè) vle di pwosedi medikal ki eseye re-estat kè yon pasyan oswa respirasyon li lè kè pasyan an sispann bat epi/oswa lè pasyan an sispann respire. CPR ka kòmanse avèk re-animasyon bouch-nan-bouch ak presyon avèk fòs sou pwatrin nan pou eseye fè kè a rekòmanse bat. Sa ka pa efikas, poutèt sa CPR gen ladan tou chòk elektrik (defibrilasyon); yo antre yon tib anba gòj la nan trache-atè a (entibasyon); epi yo mete pasyan an yon sou machin respirasyon (respiratè atifisyèl).



**Kisa yon desizyon pou refize oswa retire tretman pou sipòte lavi ye?**

Yon desizyon pou refize tretman pou sipòte lavi se yon desizyon pou refize yon tretman anvan yo bay tretman an. Yon desizyon pou retire tretman pou sipòte lavi se yon desizyon pou refize tretman yo deja ap bay la. Chak pasyan adilt gen dwa pou refize medikaman ak tretman apre yo resevwa tout enfòmasyon (epi konprann) konsekans posib aksyon yo.

**Kijan yon lopital oswa yon mezon retrèt ta egzekite yon desizyon pou refize oswa retire tretman pou sipòte lavi?**

Doktè a ta ka mande ekip la pou yo pa bay, oswa pou yo sispann bay, sèten medikaman, tretman oswa pwosedi. Sa ka lakòz pasyan an mouri nan yon tan ki sanse kout. Pa egzanp, doktè a ta ka rekòmande pou yo etenn yon respiratè atifisyèl, k ap fasilite yon pasyan respire.

Pou doktè a kapab retire yon tretman ki sipòte lavi, li ta ka bay yon lòd medikal tankou yon:

- Lòd pou Pa Re-Anime (Do Not Resuscitate, DNR) : sa vle di pou yo pa eseye CPR lè kè pasyan an sispann bat ak/oswa lè pasyan an sispann respire.
- Lòd pou Pa Mete Tib (Do Not Intubate, DNI): sa vle di pou yo pa mete yon tib anba gòj pasyan an oswa pou yo pa konekte pasyan an avèk yon machin respirasyon (respirasyon atifisyèl).

Yo kapab pran yon desizyon tou pou sispann nitrisyon ak idratasyon atifisyèl la avèk yon tib alimantasyon oswa yon IV. Sa vle di sant medikal la p ap bay pasyan an manje likid oswa fliyid avèk yon tib yo antre an lestomak la _ oswa atravè yon katetè yon rantre nan venn pasyan. Y ap toujou ofri pasyan yo manje pou yo manje ak fliyid pou yo bwè nan bouch si yo kapab manje ak bwè.

Yo kapab swiv lòt kalite desizyon pou limite medikaman, tretman oswa pwosedi (pa egzanp, sispansyon dyaliz).

**Èske yon lopital oswa yon mezon retrèt ap janm refize bay tout tretman yo?**

Non. Menmsi yon pasyan gen yon lòdonans DNR oswa lòt òdonans medikal pou refize tretman pou sipòte lavi, pasyan an ta dwe resevwa swen ak tretman pou soulaje doulè ak lòt sentòm epi pou diminye soufrans. Swen pou konfò, Pa re-anime vle di pou yo pa bay tretman ki rele swen pou soulajman tou, ta dwe disponib pou tout pasyan ki bezwen li.

**Kilè yon pasyan ta dwe resevwa yon òdonans DNR?**

Nenpòt adilt ki gen konpetans pou pran desizyon ka mande yon òdonans DNR. Men, pasyan yo ak fanmi yo dwe konsilte avèk yon doktè sou dyagnostik yo ak posib rezilta CPR yo. Se sèlman yon doktè ki kapab siyen yon lòdonanse DNR. Yon òdonans DNR entèdi pwofesyonèl swen yo bay CPR pou pasyan ki vle pran lanmò natirèl si kè yo rete ak/oswa si yo sispann respire. Pa egzanp, yon pasyan k ap tann li mouri akòz yon maladi ki nan faz final ka vle yon lòdonans DNR.

Lè CPR lan reyisi, kè pasyan an ap bat ankò epitou l ap pèmèt pasyan an rekòmanse respire. Siksè CPR depannde pwoblèm medikal jeneral pasyan an. Laj sèlman p ap detèmine si CPR ap gen siksè. Èske yon òdonans DNR ap afekte lòt tretman? Men maladi yo ak frajilite ki ale ansanm avèk laj pasyan an fè CPR mwen efikas pafwa. Lè pasyan yo malad grav, CPR ka pa efikas oswa li ka efikas anpati sèlman. Sa ta ka kite pasyan an avèk domaj nan sèvo li oswa nan yon eta medikal ki grav pase anvan kè li te sispann bat. Apre CPR (selon pwoblèm medikal pasyan an), yo kapab kenbe pasyan an vivan sèlman sou yon machin respirasyon.

**Eske yon òdonans CPR afekte lòt tretman?**

Non. Yon òdonans DNR se sèlman yon desizyon sou CPR -- entibasyon ak vantilasyon mekanik -- e pa gen rapò ak okenn lòt tretman. Pa reanime **pa** vle di pa trete.

**Kisa k ap pase si yo transfere pasyan an ant lopital la oswa mezon retrèt la ak yon lòt lopital oswa yon lòt mezon retrèt?**

Odonans medikal yo, ansanm ak yon òdonans DNR, ap kontinye jouk lè pratisyen swen sante egzamine pasyan an. Si doktè nouvo sant medikal la deside anile òdonans medikal la, l ap fè pasyan an oswa lòt moun ki pran desizyon an konnen li kapab mande pou yo bay òdonans la ankò.



## Prensip pou Pran Desizyon pou Responsab Legal ak Reprezantan nan Lopital yo ak Mezon Retrèt yo

**Kijan reprezantan ki pran desizyon yo, ansanm ak responsab legal yo pran desizyon yo sou swen sante?**

Reprezantan an dwe pran desizyon yo sou swen sante dapre tout sa pasyan an vle, tankou kwayans relijye ak moral pasyan. Si reprezantan an pa konnen tout sa pasyan an vle yon fason rezonab, l ap pran desizyon yo dapre "pi bon enterè" pasyan an. Pou konnen kisa ki nan "pi bon enterè" pasyan an, men sa reprezantan an dwe konsidere: diyite chak moun ak fason moun nan inik; posiblite pou pwoteje lavi pasyan an oswa pou amelyore sante pasyan an; soulajman soufrans pasyan an; ak nenpòt lòt enkyetid ak valè yon moun ki nan sikonstans pasyan an ta konsidere. Nan tout ka yo, sa ki enpòtan se tout sa **pasyan** an vle ak pi bon enterè li, pa tout reprezantan an vle ak pi bon enterè li. Yo ta dwe pran desizyon yo sou swen sante sou yon baz apa pou chak pasyan. Yon fwa ankò, desizyon yo dwe annamoni avèk valè pasyan an, ak kwayans relijye ak moral li.

**Èske reprezantan yo toujou gen otorizasyon pou yo bay konsantman pou tretman ki nesesè?**

Wi.

**Èske ranplasan yo toujou gen otorizasyon pou yo pran desizyon pou refize oswa retire tretman pou sipòte lavi?**

Non.Yon responsab legal oswa yon reprezantan ki nan yon lopital oswa yon mezon retrèt ka deside refize tretman pou sipòte lavi pou yon pasyan sèlman nan sikonstans ki endike anba la yo:

- T
  retman an ta yon fado ekstrawòdinè pou pasyan an epi:
  - pasyan an gen yon maladi oswa yon chòk doktè kapab prevwa k ap lakòz pasyan an mouri nan sis (6) mwa, kit li bay pasyan an tretman kit li pa bay pasyan an tretman; oswa
  - pasyan an pèdi konesans nètale;

  **oswa**

  - Lè yo bay pasyan an tretman sa ta lakòz doulè, soufrans oswa lòt fado yo ta kwè ki pa imen oswa ki ekstrawòdinè yon fason rezonab, epitou pasyan an gen yon malad ki p ap janm ale oswa ki pa kapab geri. Nan yon mezon retrèt, yon komite evalyasyon etik dwe dakò avèk desizyon yo (ki pa DNR) dapre alineya sa a. Nan yon lopital, doktè k ap swiv pasyan an oswa komite evalyasyon etik la dwe dakò avèk yon desizyon pou refize oswa retire nitrisyon ak idratasyon dapre alineya sa a.

**Kijan yo pran desizyon sou tretman pou sipòte lavi pou timoun minè yo nan yon lopital oswa mezon retrèt?**

Paran oswa responsab legal yon pasyan ki poko gen laj 18 tan ap pran desizyon yo sou tretman pou sipòte lavi dapre pi bon enterè timoun minè a. Yo konsidere tout sa timoun minè a vle jan sa apwopriye nan sikonstans yo. Pou yon desizyon pou refize oswa retire tretman pou sipòte lavi, pasyan minè a dwe bay konsantman li tou si li gen konpetans pou li pran desizyon an. o sipoze yon timoun minè ki pa marye pa konpetan pou pran desizyon sof si yon doktè detèmine pasyan an gen konpetans pou li pran desizyon sou tretman pou sipòte lavi. Timoun minè ki marye yo pran pwòp desizyon yo, menm jan avèk adilt yo.

**Kisa pou mwen fè si yon timoun minè ki pa marye gen konpetans pou pran desizyon epitou si li se yon paran? Kisa pou mwen fè si li gen laj 16 zan epitou si li p ap viv avèk paran oswa responsab legal li?**

Timoun minè yo kapab pran desizyon pou refize oswa retire tretman pou sipòte lavi poukont yo si doktè k ap swiv yo ak komite evalyasyon etik la dakò.

## Fason pou Rezoud Konfli yo nan Lopital ak Mezon Retrèt

**Kisa pou mwen fè si gen de (2) oswa plis moun ki gen plis priyorite epi yo pa kapab dakò? Pa egzanp, kisa pou mwen fè si timoun adilt yo gen plis priyorite epi youn pa dakò avèk lòt?**

Nan ka sa a, ekip lopital la oswa mezon retrèt la kapab eseye rezoud konfli a avèk mwayen enfòmèl. Pa egzanp, plis doktè, travayè sosyal oswa manm legliz kapab diskite sou desizyon an. Epitou, chak lopital ak mezon retrèt dwe gen yon komite evalyasyon etik. Yo ka voye ka a ba komite evalyasyon etik la pou yo jwenn konsèy, yon rekòmandasyon, ak èd pou yo rezoud konfli a. Lopital la oswa mezon retrèt la dwe swiv desizyon reprezantan an ki baze sou tout sa pasyan an vle, si yo konnen tout sa pasyan an vle. Si yo pa konnen tout sa pasyan an vle yon fason rezonab, lopital la oswa mezon retrèt la dwe swiv desizyon ki nan pi bon enterè pasyan an.

**Kisa pou mwen fè si yon moun ki konekte avèk dosye a pa dakò avèk desizyon reprezantan an pou tretman an? Sa kapab se pasyan an, yon travayè swen sante k ap trete pasyan an nan lopital la oswa nan mezon retrèt la oswa yon moun ki gen mwens priyorite sou lis ranplasan an.**

Yon fwa ankò, ekip lopital la oswa mezon retrèt la kapab eseye rezoud konfli a avèk mwayen enfòmèl. Si yo pa gen siksè nan rezoud konfli a, moun ki pa dakò a kapab mande èd komite evalyasyon etik la. Moun ki konteste moun ki pran desizyon an kapab mande pou komite evalyasyon etik la eseye rezoud konfli a. Moun sa a kapab prezante enfòmasyon yo ak pwendvi yo ba komite a. Komite evalyasyon etik la kapab bay konsèy, yo kapab fè yon rekòmandasyon, epitou yo kapab bay èd pou rezoud konfli a.



**Èske rekòmandasyon ak konsèy komite evalyasyon etik la obligatwa?**

Non, rekòmandasyon ak konsèy komite evalyasyon etik la konsiltatif men pa obligatwa, sof pou twa (3) kalite desizyon ki trè espesyal. Komite revizyon etik la dwe dakò avèk desizyon an nan twa (3) sitiyasyon ki endike anba la a yo:

- Yon ranplasan ap pran desizyon pou refize oswa retire tretman pou sipòte lavi (ki pa CPR) nan yon pasyan ki nan yon mezon retrèt. Doktè a pa prevwa pasyan an ap mouri nan sis (6) mwa epitou pasyan an pa pèdi konesans nètale. Nan sitiyasyon sa a, komite evalyasyon etik la dwe dakò avèk sa ki endike anba la a. Pasyan an gen yon maladi ki pa kapab ale oswa ki pa kapab geri. Epitou, lè yo bay pasyan an tretman pou sipòte lavi li, sa ta lakòz li gen doulè, soufrans oswa lòt fado yo ta jije nan yon fason rezonab kòm manke kè oswa kòm kokenn fado pou li nan sikonstans yo.
- Yon ranplasan ap deside pou refize oswa retire nitrisyon ak idratasyon atifisyèl sou yon pasyan ki nan yon lopital. Doktè k ap swiv pasyan an pa dakò. Doktè a pa prevwa pasyan an ap mouri nan sis (6) mwa epitou pasyan an pa pèdi konesans nètale. Nan sitiyasyon sa a, komite evalyasyon etik la dwe dakò avèk sa ki endike anba la a. Pasyan an gen yon maladi ki pa kapab ale oswa ki pa kapab geri. Epitou, nitrisyon ak idratasyon atifisyèl ta lakòz li gen doulè, soufrans oswa lòt fado yo ta jije nan yon fason rezonab kòm manke kè oswa kòm kokenn fado pou li nan sikonstans yo.

- Nan yon lopital oswa mezon retrèt, yon komite evalyasyon etik dwe apwouve desizyon yon timoun minè ki pa marye epi ki emansipe pou yo retire oswa refize tretman pou sipòte lavi timoun san konsantman yon paran oswa reprezantan legal.
- Yon doktè deside admèt nan lopital yon pasyan ki manke kapasite epi ki pa gen pwokirasyon swen sante oswa reprezantan. komite a kapab analize plan swen lopital la, ki kapab gen ladan l kite oswa retire tretman pou sipòte lavi si kondisyon yo reyini pou reprezantan an pran desizyon sou tretman sa a.

Nan twa (3) sitiyasyon sa yo, yo p ap ni refize ni retire tretman pou sipòte lavi pasyan an sof si komite evalyasyon etik la apwouve sa.

**Kisa sa vle di lè rekòmandasyon ak konsèy komite evalyasyon etik la konsiltatif men pa obligatwa?**

Sa vle di ranplasan ki gen plis priyorite a kapab pran yon desizyon legal sou swen sante a. Li kapab fè sa menmsi yon lòt moun ki gen mwens priyorite ki nan lis ranplasan an oswa lòt ranplasan yo kontinye pa dakò avèk ranplasan ki pran desizyon an.

**Kisa pou mwen fè si lopital la oswa mezon retrèt la gen yon règleman ki baze sou kwayans relijye oswa moral ki anpeche sant medikal la respekte yon desizyon sou swen sante?**

Lè li posib, sant medikal la dwe fè pasyan an oswa manm fanmi li yo konnen règleman sa a anvan oswa nan moman admisyon an. Lè yo pran desizyon an, sant medikal la dwe kolabore pou transfere pasyan an nan yon lòt sant medikal ki gen aksè fasil yon fason rezonab epi ki vle respekte desizyon an. Pandanstan, sant medikal la dwe respekte desizyon an, sof si yon tribinal pran yon lòt desizyon. Si desizyon an kont kwayans relijye oswa moral pratisyen swen sante a, yo dwe mete pasyan an anba swen yon lòt pratisyen swen sante imedyatman.

## Odonans DNR Deyò Lopital ak Mezon Retrèt

**Si yon pasyan pa nan yon lopital oswa mezon retrèt, kijan pasyan an kapab resevwa yon lòdonans DNR oswa yon òdonans DNI?**

Doktè pasyan an kapab ekri yon lòd DNR sou yon fòm estanda ki gen apwobasyon New York State Department of Health: DOH-3474 (Odonans pou Pa Re-Anime Deyò Lopital). Yon doktè kapab siyen yon òdonans DNI deyò lopital la tou anplis lòdonans DNR deyò lopital la avèk fòm DOH-5003 ki rele Odonans Medikal pou retman pou Sipòte Lavi (Medical Orders for Life-Sustaining Treatment, MOLST). EMS, ajans swen sante nan kay ak lospis yo dwe respekte lòd sa yo.

**Si pasyan an nan yon kay avèk yon òdonans DNR deyò lopital, oswa òdodans MOLST, kisa k ap pase si yon manm fanmi oswa zanmi rele yon anbilans?**

Si pasyan an gen yon òdonans DNR deyò lopital epi si li montre pèsonèl ijans lan lòd la, yo p ap eseye re-anime pasyan an oswa yo p ap mennen pasyan an nan saldijans yon lopital pou CPR. Yo ka toujou mennen pasyan an nan lopital la pou li resevwa swen li bezwen, tankou swen pou konfò pou soulaje doulè li epitou pou redui soufrans li.

**Kisa k ap pase yon òdonans DNR yo bay nan lopital la oswa mezon retrèt la si yo transfere pasyan an ant lopital la oswa mezon retrèt la ak swen sante nan kay?**

Odonans yo bay pou pasyan an nan yon lopital oswa mezon retrèt pa ka aplike nan kay. Pasyan an oswa lòt moun ki pran desizyon an dwe resevwa yon òdonans DNR deyò lopital sou fòm DOH-3474 oswa sou fòm DOH-5003 MOLST. Si pasyan an kite lopital la oswa mezon retrèt la san yon lòd DNR deyò lopital, yon doktè kapab bay lòd la lakay pasyan an.

NEW YORK STATE | Department of Health

# Pwokirasyon pou Swen Sante

## Fason pou Chwazi Ajan pou Swen Sante Ou nan Eta New York

Lwa New York sou Pwokirasyon pou Swen Sante pèmèt ou chwazi yon moun ou fè konfyans — pa egzanp, yon manm fanmi oswa yon zanmi pwòch – pou pran desizyon sou swen sante ou pou ou si ou pèdi kapasite pou pran desizyon yo poukont ou. Lè ou chwazi yon ajan swen sante, ou kapab asire pwofesyonèl swen sante ou ap respekte tout sa ou mande yo. Ajan ou kapab deside tou fason sa ou vle yo aplike kòm chanjman nan eta sante ou. Lopital yo, doktè yo ak lòt pwofesyonèl swen sante yo dwe respekte desizyon ajan ou tankou si se te desizyon ou te pran poukont ou. Ou ka bay moun ou chwazi kòm ajan swen sante ou yon ti otorizasyon oswa anpil otorizasyon ou vle. Ou ka kite ajan ou pran tout desizyon oswa sèten desizyon sou swen sante ou. Ou ka bay ajan ou enstwiksyon tou, epi li dwe swiv enstwiksyon yo. Ou kapab itilize fòm sa a pou ekri tou sa ou vle yo oswa enstwiksyon ou yo anrapò avèk don ògàn ak/oswa don tisi.

# Enfòmasyon sou Fòm Pwokirasyon pou Swen Sante

**Dokiman sa a se yon dokiman legal ki enpòtan. Anvan ou siyen dokiman sa a, ou ta dwe konprann enfòmasyon ki anba la yo:**

1. Fòm sa a bay moun ou chwazi kòm ajan ou otorizasyon pou l pran tout desizyon sou swen sante pou ou, ansanm ak desizyon pou retire oswa pou ba ou tretman pou sipòte lavi ou, sof si ou di lòt bagay nan fòm sa a. “Swen sante” vle di nenpòt tretman, sèvis oswa pwosedi pou dekouvri ki maladi ou genyen oswa pou trete pwoblèm sante fizik ou oswa pwoblèm sante mantal ou.
2. Sof si ajan ou konnen sa ou vle yo yon fason rezonab konsènan nitrisyon atifisyèl ak idratasyon (manje ak dlo yo ba ou nan yon sond alimantasyon oswa nan yon liy ki tache nan venn ou), li p ap jwenn pèmisyon pou refize oswa aksepte mezi sa yo pou ou.
3. Ajan ou ap kòmanse pran desizyon yo pou ou lè doktè ou detèmine ou pa kapab pran desizyon sou swen sante ou poukont ou.
4. Ou ka ekri sou fòm sa a kèk egzanp kalite tretman ou pa ta vle swiv ak/oswa tretman ou vle asire w ap resevwa. Yo kapab itilize enstwiksyon yo pou limite pouvwa desizyon ajan an. Ajan ou dwe swiv enstwiksyon ou lè l ap pran desizyon yo pou ou.
5. Ou pa bezwen yon avoka pou ranpli fòm sa a.
6. Ou ka chwazi nenpòt adilt (ki gen laj 18 tan oswa plis), tankou yon manm fanmi ou oswa yon zanmi pwòch ou pou vin ajan ou. Si ou chwazi yon doktè kòm ajan ou, l ap gen pou l chwazi ant pran desizyon kòm ajan ou oswa kòm doktè k ap swiv ou paske yon doktè pa kapab fè toulède alafwa. Epitou, si ou se yon pasyan oswa si ou se yon rezidan nan yon lopital, nan yon mezon retrèt oswa nan yon sant sante mantal, genyen restriksyon espesyal sou fason pou chwazi moun k ap travay nan sant medikal sa a kòm ajan ou. Mande anplwaye ki nan sant medikal la pou eksplike ou restriksyon sa yo.
7. Anvan ou chwazi yon moun kòm ajan sante ou, diskite sou sa avèk li pou asire li vle pran desizyon pou ou kòm ajan ou. Fè moun nan konnen ou chwazi li pou vin ajan swen sante ou. Diskite sou sa ou vle nan swen sante ou ak sou fòm sa a avèk ajan ou. Pa bliye ba moun nan yon kopi ou siyen. Ou pa kapab pouswiv ajan ou lajistis pou desizyon li pran yo onètman.
8. Si ou chwazi madanm/mari ou kòm ajan swen sante ou, epi apre ou vin divòse oswa separe legalman avèk li, ansyen madanm/mari ou pa kapab ajan ou ankò dapre lalwa, sof si ou endike pou sa fèt yon lòt jan. Si ou ta renmen pou ansyen madanm/mari ou rete ajan ou, ou ka note sa sou fòm ou genyen an epi mete dat nan fòm nan, oswa ranpli yon lòt fòm pou chwazi ansyen madanm/mari ou.
9. Menmsi ou siyen fòm sa a, ou gen dwa pou pran desizyon swen sante ou poukont ou depi ou kapab fè sa, epitou yo pa kapab ba ou tretman oswa yo pa kapab sispann tretman ou si ou pa dakò, ni ajan ou p ap gen okenn pouvwa pou pa dakò.
10. Ou ka anile otorizasyon ou bay ajan ou. Pou fè sa, ou dwe fè ajan ou oswa founisè swen sante ou konnen sa aloral oswa alekri.
11. Ou libelibè pou chwazi yon ajan swen sante. Okenn moun pa kapab egzije pou chwazi youn.
12. Ou ka fè konnen tout sa ou vle yo oswa enstwiksyon ou yo konsènan don ògàn ak/oswa tisi sou fòm sa a.

## Kesyon Yo Poze Souvan

**Pou kisa mwen ta dwe chwazi yon ajan swen sante?**
Si ou vin pa kapab, menm pou yon ti tan, pou pran desizyon sou swen sante ou, yon lòt moun dwe deside pou ou. Pwofesyonèl swen sante yo souvan kontakte manm fanmi yo pou jwenn konsèy. Manm fanmi yo ka fè konnen sa yo panse ou vle yo ki asosye avèk yon tretman patikilye. Si ou chwazi yon ajan sa pèmèt ou kontwole tretman medikal ou lè ou:

- kite ajan ou pran desizyon sou swen sante sou non ou jan ou ta vle yo deside;
- chwazi yon moun pou pran desizyon sou swen sante ou paske ou panse moun nan ta pran pi bon desizyon yo;
- chwazi yon moun pou evite konfli oswa konfizyon pami manm fanmi ak/oswa lòt moun enpòtan.

Ou ka chwazi yon ajan ranplasan tou pou pran kontwòl si premye chwa ou fè a pa kapab pran desizyon yo pou ou.

**Kimoun ki ka yon ajan swen sante?**
Nenpòt moun ki gen laj 18 tan oswa plis kapab yon ajan swen sante. Moun ou chwazi kòm ajan ou oswa ajan ranplasan ou pa kapab siyen kòm yon temwen sou fòm Pwokirasyon pou Swen Sante ou.

**Kijan pou mwen chwazi yon ajan swen sante?**
Tout adilt konpetan, ki gen laj 18 tan oswa plis, kapab chwazi yon ajan swen sante depi yo siyen yon fòm ki rele Pwokirasyon pou Swen Sante. Ou pa bezwen yon avoka oswa yon notè, ou senpleman bezwen de (2) temwen adilt. Ajan ou pa kapab siyen kòm yon temwen. Ou kapab itilize fòm ki enprime la a, men ou pa gen obligasyon pou itilize fòm sa a.

**Kilè ajan swen sante mwen ta kòmanse pran desizyon sou swen sante pou mwen?**
Ajan swen sante ou ta kòmanse pran desizyon sou swen sante ou apre doktè ou deside ou pa kapab pran desizyon sou swen sante ou poukont ou. Toutotan ou kapab pran desizyon yo sou swen sante ou poukont ou, w ap gen dwa pou fè sa.

**Ki desizyon ajan swen sante mwen kapab pran?**
Sof si ou limite otorizasyon ou ba ajan swen sante ou, ajan ou ap kapab pran nenpòt desizyon ou ta ka pran sou tretman ou si ou te kapab pran desizyon yo poukont ou. Ajan ou kapab dakò ke ou ta dwe resevwa tretman, fè yon chwa pami diferan tretman yo, epi deside si yo pa ta dwe ba ou tretman yo, annakò avèk tout sa ou vle yo ak enterè ou. Men, ajan ou kapab sèlman pran desizyon sou nitrisyon atifisyèl ak idratasyon (manje ak dlo yo bay nan sond alimantasyon oswa nan enjeksyon nan venn) si li konnen sa ou vle yo nan sa ou te di oswa nan sa ou te ekri. Fòm Pwokirasyon pou Swen Sante a pa bay ajan ou pouvwa pou pran desizyon ki pa konsène sante pou ou, tankou desizyon finansye.

**Poukisa mwen bezwen chwazi yon ajan swen sante si mwen jèn epi an sante?**
Chwazi yon ajan swen sante se yon bon lide menmsi ou pa yon granmoun aje oswa ou pa gen yon maladi ki nan dènye etap. Yon ajan swen sante kapab pran desizyon sou non ou si ou vin pa kapab pran desizyon yo sou sante ou poukont ou pandan yon ti tan (tankou sa ta ka rive si ou anba anestezi jeneral oswa si ou vin nan koma akòz yon aksidan). Lè ou vin kapab ankò pou pran desizyon sou swen sante ou poukont ou, ajan swen sante ou p ap gen otorizasyon pou pran desizyon yo pou ou ankò.

**Kijan ajan swen sante mwen ap pran desizyon yo?**
Ajan ou dwe swiv tout sa ou vle yo, epitou li dwe swiv konviksyon moral ou ak kwayans relijye ou. Ou ka ekri enstwiksyon yo sou fòm Pwokirasyon pou Swen Sante ou oswa ou ka senpleman diskite sou yo avèk ajan ou.

# Kesyon Pasyan yo Poze Souvan, *swit*

**Kijan ajan swen sante mwen ap konnen sa mwen vle yo?**
Si ou fè yon diskisyon libelibè ak serye sou sa ou vle yo avèk ajan swen sante ou sa ap mete li nan yon pi bon pozisyon pou satisfè enterè ou yo. Si ajan ou pa konnen sa ou vle yo oswa konviksyon ou yo, ajan ou gen obligasyon legal pou pran desizyon ki nan pi bon enterè ou. Paske sa se yon gwo responsablite pou moun ou deziyen kòm ajan swen sante ou, ou ta dwe fè yon diskisyon avèk moun nan konsènan ki kalite tretman ou ta vle oswa ou pa ta vle anba plizyè kalite sikonstans, tankou:

- si ou vle yo kòmanse/kontinye/retire sipò pou kenbe lavi si ou nan yon koma pèmanan;
- si ou ta vle yo kòmanse/kontinye/retire tretman yo si ou gen yon maladi ki nan etap final;
- si ou ta vle yo kòmanse/ranvwaye oswa kontinye oswa retire nitrisyon atifisyèl ak idratasyon epi anba ki kalite sikonstans.

**Eske ajan swen sante mwen kapab anile enstwiksyon sou sa mwen vle yo oswa enstwiksyon mwen yo anvan tretman an?**
Non. Ajan ou gen obligasyon pou pran desizyon ki baze sou sa ou vle yo. Si ou fè konnen sa ou vle yo an patikilye aklè, oswa si ou te bay enstwiksyon patikilye sou tretman an, ajan ou gen responsablite pou swiv sa ou vle yo oswa enstwiksyon yo sof si li gen yon baz rezonab pou kwè sa ou vle yo te chanje oswa pa aplike pou sikonstans yo.

**Kimoun k ap fè atansyon a ajan mwen?**
Tout lopital yo, kay retrèt yo, doktè yo ak lòt pwofesyonèl swen sante yo gen obligasyon legal pou bay ajan swen sante ou menm enfòmasyon yo ta ba ou epitou yo gen obligasyon pou respekte desizyon ajan ou pran yo tankou si se ou ki te pran desizyon yo. Si yon lopital oswa yon kay retrèt pa dakò avèk kèk chwa tretman (tankou retire sèten tretman) yo dwe fè oumenm oswa ajan ou konnen ANVAN oswa nan moman admisyon ou, si li posib yon fason rezonab.

**Kisa pou mwen fè si ajan swen sante mwen pa disponib lè gen desizyon ki pou pran?**
Ou ka deziyen yon ajan ranplasan pou pran desizyon yo pou ou si ajan swen sante ou pa disponib, si li pa kapab oswa si li pa vle pran desizyon yo lè li dwe fè sa. Sinon, pwofesyonèl swen sante yo ap pran desizyon yo pou ou ki respekte enstwiksyon ou te bay pandan ou te toujou kapab fè sa. Nenpòt enstwiksyon ou ekri sou fòm Pwokirasyon pou Swen Sante ou ap gide pwofesyonèl swen sante yo nan sikonstans sa yo.

**Kisa pou mwen fè si mwen chanje lide?**
Li fasil pou anile Pwokirasyon pou Swen Sante ou, pou chanje moun ou te chwazi kòm ajan swen sante ou oswa pou chanje nenpòt enstwiksyon oswa limit ou te mete nan fòm nan. Jis ranpli yon lòt fòm. Answit, ou ka endike pou Pwokirasyon pou Swen Sante ou ekspire nan yon sèten dat oswa si sèten evènman rive. Sinon, Pwokirasyon pou Swen Sante a ap valab pou toutan mwen vivan. Si ou chwazi madanm/mari ou kòm ajan swen sante ou oswa kòm ajan ranplasan swen sante ou, epi ou divòse oswa ou separe legalman, deziyasyon ou fè a ap anile otomatikman. Si ou ta renmen pou ansyen madanm/mari ou rete ajan ou, ou ka note sa sou fòm ou genyen an epi mete dat nan fòm nan, oswa ranpli yon lòt fòm pou chwazi ansyen madanm/mari ou.

# Kesyon Pasyan yo Poze Souvan, *swit*

**Èske ajan swen sante mwen kapab gen obligasyon legal pou desizyon li pran yo sou non mwen?**
Non. Ajan swen sante p ap gen obligasyon legal pou desizyon li pran pou sou swen sante ou avèk bon volonte li sou non ou. Epitou, li pa kapab gen obligasyon legal pou depans pou swen sante ou, jis paske li se ajan ou.

**Èske yon Pwokirasyon pou Swen Sante se menm bagay avèk yon testaman byolojik?**
Non.Yon testaman byolojik se yon dokiman ki bay eksplikasyon espesyal konsènan desizyon sou swen sante ou. Ou kapab mete eksplikasyon sa yo nan fòm Swen Sante pa Pwokirasyon w nan. Pwokirasyon pou Swen Sante ou ap pèmèt ou chwazi yon moun ou fè konfyans pou pran desizyon sou non ou. Kontrèman ak yon testaman byolojik, yon Pwokirasyon pou Swen Sante pa oblije ou konnen davans tout desizyon ki ka gen pou pran yo. Olye sa, ajan swen sante ou kapab entèprete sa ou vle yo lè sikonstans medikal yo chanje epi li kapab pran desizyon ou pa t kapab konnen ta gen pou pran.

**Ki kote mwen ta dwe mete fòm Pwokirasyon pou Swen Sante mwen apre mwen siyen li?**
Bay yon kopi pou ajan ou, doktè ou, avoka ou ak nenpòt lòt manm fanmi oswa zanmi pwòch ou vle. Mete yon kopi nan bous ou oswa ansanm avèk lòt papye enpòtan ou, men pa nan kote moun pa kapab jwenn li, tankou yon kòfrefò. Pote yon kopi si ou entène nan lopital, menm pou ti operasyon, oswa si w ap fè operasyon kòm pasyan ki pa entène.

**Èske mwen ka itilize fòm Pwokirasyon pou Swen Sante konsènan don ògàn ak/oswa tisi?**
Wi. Itilize seksyon don ògàn ak tisi ki pa obligatwa sou fòm Pwokirasyon pou Swen Sante epi sonje pou fè de (2) moun sèvi ou temwen pou seksyon an. Ou dwe presize yo dwe itilize ògan ak/oswa tisi ou yo pou fè grèf, rechèch oswa fòmasyon. O ta dwe note nenpòt limit (yo) ki asosye avèk tout sa ou vle nan seksyon pwokirasyon sa a. **Si ou pa mete tout sa ou vle yo ak enstwiksyon yo sou fòm Pwokirasyon pou Swen Sante ou sa p ap vle di ou pa vle pou fè don yon ògàn ak/oswa tisi.**

**Èske ajan swen sante mwen kapab pran desizyon yo pou mwen konsènan don ògàn ak/oswa tisi?**
Wi. Apati 26 out 2009, ajan swen sante ou gen otorizasyon pou pran desizyon yo apre lanmò ou, men sèlman desizyon ki konsène don ògàn ak/oswa tisi. Ajan swen sante ou dwe pran desizyon yo jan sa note sou fòm Pwokirasyon pou Swen Sante ou.

**Kimoun ki kapab bay konsantman pou yon don si mwen chwazi pou pa endike sa mwen vle yo nan moman sa a?**
Li enpòtan pou note tout sa ou vle konsènan don ògàn ak/oswa tisi ba ajan swen sante ou, moun ou deziyen kòm ajan ou lè ou mouri, si ou te deziyen youn, ak manm fanmi ou yo. Lwa New York bay yon lis moun ki gen otorizasyon pou bay konsantman pou don ògàn ak/oswa tisi sou non ou. Lis la prezante nan lòd priyorite: ajan swen sante ou; ajan zansèt ou; madanm/mari ou; si ou pa separe legalman, oswa patnè nan kay ou; yon pitit gason oswa yon piti fi ki gen laj 18 tan oswa plis; nenpòt nan paran ou yo; yon frè oswa sè ki gen laj 18 tan oswa plis; yon responsab legal yon tribinal deziyen anvan lanmò moun k ap fè don kò a.

# Enstriksyon pou Fòm Pwokirasyon pou Swen Sante

**Item (1)**Ekri non, adrès kay ak nimewo telefòn moun ou chwazi kòm ajan ou.

**Item (2)**Si ou vle deziyen yon ajan ranplasan, ekri non, adrès kay ak nimewo telefòn moun ou chwazi kòm ajan ranplasan ou.

**Item (3)**Pwokirasyon pou Swen Sante ou ap rete valab pandan tout tan ou vivan sof si ou fikse yon dat ekspirasyon oswa kondisyon pou li ekspire. Seksyon sa a pa obligatwa epi ou ta dwe ranpli li sèlman si ou vle pou Pwokirasyon pou Swen Sante ou ekspire.

**Item 4**Si ou gen eksplikasyon espesyal pou ajan ou, ekri yo la a. Epitou, si ou vle limite otorizasyon ajan ou nan nenpòt fason, ou ka di sa la a oswa ou ka diskite sou yo avèk ajan swen sante ou. Si ou pa endike okenn limit, ajan ou ap gen otorizasyon pou pran tout desizyon ou ta ka pran sou swen sante ou, ansanm avèk desizyon pou dakò avèk tretman pou sipòte lavi ou oswa pou bay refi pou sa.

Si ou vle bay ajan ou plis otorizasyon, ou ka fè sa sou fòm nan. Jis ekri: Mwen te diskite sou sa mwen vle yo avèk ajan swen sante mwen ak ajan ranplasan swen sante mwen, epi yo konnen sa mwen vle ansanm ak sa mwen vle sou nitrisyon ak idratasyon atifisyèl.

Si ou vle bay plis enstriksyon espesyal, ou kapab di:

> *Si mwen vin gen yon maladi ki nan etap final,mwen vle/pa vle resevwa kalite tretman sa yo....*
>
> *Si mwen nan yon koma oswa si mwen gen yon tikras konsyans pou konprann, san lespwa pou mwen refè, lè sa a, mwen vle/pa vle kalite tretman sa yo:...*
>
> *Si mwen gen domaj nan sèvo oswa yon maladi nan sèvo ki lakòz mwen pa kapab rekonèt moun oswa mwen pa kapab pale epi si pa gen lespwa pou maladi mwen amelyore, mwen vle/pa vle kalite tretman sa yo:...*
>
> *Mwen te diskite avèk ajan mwen sou sa mwen vle yo konsènan_____________ e mwen vle pou ajan mwen pran tout desizyon yo sou mezi sa yo.*

Kèk egzanp tretman medikal sou sa ou ka vle pou bay enstriksyon espesyal pou ajan ou endike anba la a. Sa a pa yon lis ki konplè:

- respirasyon atifisyèl
- nitrisyon ak idratasyon atifisyèl (manje ak dlo yo bay nan sond alimantasyon)
- re-animasyon kadyo-respiratwa (CPR)
- medikaman kalman
- terapi avèk chòk elektrik
- antibyotik
- pwosedi chirijikal
- dyaliz
- grèf
- transfizyon san
- avòtman
- esterilizasyon

**Item (5)**Ou dwe mete dat nan fòm Pwokirasyon pou Swen Sante sa a epitou ou dwe siyen li. Si ou pa kapab siyen poukont ou, ou ka mande yon lòt moun pou siyen li an prezans ou. Pa bliye mete adrès ou.

**Item (6)**Ou ka endike sa ou vle yo oswa eksplikasyon konsènan don ògàn ak/oswa tisi nan fòm sa a. Lwa New York prevwa sèten moun ki nan lòt priyorite pou bay konsantman yo pou yon don ògan ak/oswa tisi sou non ou: ajan swen sante ou; ajan ou lè w mouri; madanm/mari ou; si ou pa separe legalman, oswa patnè nan kay ou; yon pitit gason oswa yon piti fi ki gen laj 18 tan oswa plis; nenpòt nan paran ou yo; yon frè oswa sè ki gen laj 18 tan oswa plis; yon responsab legal yon tribinal deziyen anvan lanmò moun k ap fè don kò a.

**(Item (7)**De (2) temwen ki gen laj 18 tan oswa plis dwe siyen fòm Pwokirasyon pou Swen Sante sa a. Ajan ou oswa ajan ranplasan ou chwazi a pa kapab siyen kòm yon temwen.

# Pwokirasyon pou Swen Sante

**(1) Mwen,** ______________________________

chwazi ______________________________
*(non, adrès kay ak nimewo telefòn)*

______________________________

______________________________

*kòm ajan swen sante mwen pou pran nenpòt ak tout desizyon sou swen sante* pou mwen, sof nan limit mwen endike yon lòt bagay. Pwokirasyon sa a fèt pou anvigè sèlman lè ak si mwen vin kapab pran pwòp desizyon mwen yo pou swen sante mwen.

**(2) Pa obligatwa: Ajan Ranplasan**

Si moun mwen chwazi a pa kapab, pa vle, oswa pa disponib pou pran desizyon kòm ajan sante mwen, Mwen chwazi ______________________________
*(non, adrès kay ak nimewo telefòn)*

______________________________

______________________________

kòm ajan swen sante mwen pou pran nenpòt ak tout desizyon sou swen sante pou mwen, sof nan limit mwen endike yon lòt bagay.

**(3)** Sof si mwen anile li oswa si mwen endike yon dat ekspirasyon oswa sikonstans k ap fè li ekspire, pwokirasyon sa a fèt pou rete anvigè pou toutan mwen vivan. (*Pa obligatwa: Si ou vle pou pwokirasyon sa a ekspire, endike dat la oswa kondisyon yo la a.)* Pwokirasyon sa a fèt pou ekspire *(endike dat la oswa kondisyon yo):*

______________________________

______________________________

**(4) Pa obligatwa:** Mwen mande ajan swen sante mwen pou li pran desizyon pou swen sante mwen dapre tout sa mwen vle yo ak limit yo, jan li konnen an oswa jan sa endike anba la a. *(Si ou vle limite otorizasyon ajan ou pou pran desizyon pou swen sante pou ou oswa pou bay sèten enstwiksyon, ou kapab endike sa ou vle yo oswa limit yo la a.)* Mwen mande ajan swen sante mwen pou pran desizyon yo sou swen sante mwen dapre limit sa yo ak/oswa enstwiksyon sa yo *(tache lòt paj si li nesesè):*

______________________________

______________________________

Pou ajan ou kapab pran desizyon pou swen sante pou ou konsènan nitrisyon ak idratasyon atifisyèl *(manje ak dlo yo ba ou nan tib alimantasyon oswa nan liy ki tache nan venn ou),* ajan ou dwe konnen tout sa ou vle yo yon fason ki rezonab. Ou kapab swa fè ajan ou konnen tout sa ou vle yo, oswa ou kapab mete yo nan seksyon sa a. Gade enstwiksyon yo pou jwenn modèl langaj ou kapab itilize si ou chwazi pou mete tout sa ou vle yo sou fòm sa a, tankou sa ou vle yo sou nitrisyon ak idratasyon atifisyèl.

**(5) Idantifikasyon ou** *(tanpri ekri an lèt detache)*

Non Ou ____________________

Siyati Ou ____________________ Dat __________

Adrès Ou ____________________

**(6) Pa obligatwa: Don Ògàn ak/oswa Tisi**

Nan fòm sa a, mwen fè yon kado anatomik, ki dwe anvigè lè mwen mouri:*(tyeke tou sa k valab)*

- ☐ Nenpòt ògàn ak/oswa tisi ki nesesè
- ☐ Ògàn ak/oswa tisi ki endike anba la yo ____________________
- ☐ Limit yo ____________________

Si ou pa endike tout sa ou vle yo oswa enstwiksyon ou yo sou don ògàn ak/oswa tisi sou fòm sa a, yo p ap konsidere li vle di ou pa vle fè yon don oswa anpeche yon moun, ki gen otorizasyon lalwa, pou li bay konsantman li pou yon don sou non ou.

Siyati Ou ____________________ Dat __________

**(7) Deklarasyon Temwen** *(Temwen yo fèt pou gen laj 18 tan oswa plis, epitou yo pa kapab ajan swen sante ou oswa ajan swen sante ranplasan ou.)*

Mwen deklare mwen konnen pèsonèlman moun ki siyen dokiman sa a, epi moun sa a sanble gen tèt li dwat, epitou li aji avèk volonte li libelibè. Li te siyen (oswa li te mande yon lòt moun pou siyen pou li) dokiman sa a an prezans mwen.

**Temwen 1**

Dat __________

Non *(ekri ak lèt detache)* ____________________

Siyati ____________________

Adrès ____________________

**Temwen 2**

Dat __________

Non *(ekri ak lèt detache)* ____________________

Siyati ____________________

Adrès ____________________

NEW YORK STATE | Department of Health

Lèt kisoti nan New York State Department of Health

# Statewide Planning and Research Cooperative System (SPARCS)

N ap fè tout pasyan lopital konnen New York State Department of Health devlope yon sistèm enfòmasyon pou tout eta a yo rele Sistèm Koperatif Planifikasyon ak Rechèch pou Eta a (SPARCS nan lang anle) ak tout lopital kap bay swen entansif oblije prezante bay SPARCS sèten enfòmasyon sou dosye medikal ak bòdwo pou tout pasyan yo. Enfòmasyon sa yo nan SPARCS ap sèvi pou etid finans, fikse pri, evalyasyon itilizasyon, planifikasyon sante, epidemyoli ak etid rechèch.

N ap ba w garanti anba pwogram sa a

1. New York State Department of Health pap resevwa non okenn pasyan oswa okenn enfòmasyon kap pèmèt yo idantifye yon pasyan nan sistèm SPARCS LA.
2. Regleman vote pou pwoteje vi prive ak konfidansyalite pasyan atravè aksè limite nan tout enfòmasyon sansib nan SPARCS ak atravè yon konsèy revizyon endepandan.
3. Regleman vote pou powteje vi prive ak konfidansyalite pasan atravè aksè limite nan tout enfòmasyon sansib nan SPARCS epi atravè egzamen tout demann Komite Gouvènans Enfòmasyon yo.
4. SPARCS pa fèt pou idantifye pasyan spesifik, olyesa li striktire pou l founi enfòmasyonsou mòd maladi ak pri swen nan lopital.

Lopital sa oblije prezante dosye medikal ak bòdwo pasyan bay DepatmanSante a selon Seksyon 400.18 Atik 1, Souchapit V, Tit 10 (Sante) nan KONPILASYON OFISYEL KOD, REGLEMAN AK LWA ETA NEW YORK la. Sekrè, konfidansyalite ak sekirite Enfòmasyon ki bay yo pwoteje dapre Seksyon 400.18(e) Atik 1, Souchapit A, Chapit V, Tit 10 (Sante) nan KONPILASYON OFISYEL KOD, REGLEMAN AK LWA ETA NEW YORK.

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan SPARCS, tanpri kontakte:

SPARCS Operations
Bureau of Health Informatics
Office of Quality and Patient Safety
New York State Department of Health
Empire State Plaza
Corning Tower, Room 878
Albany, New York 12237

Telefòn: (518) 473-8144
Fax: (518) 486-3518

Kesyon/Kòmantè:
sparcs.submissions@health.ny.gov

Demande Enfòmasyon:
sparcs.requests@health.ny.gov

Lopital dwe founi pasyan yon lèt nofitikasyon ki soti nan New York State Department of Health ki gen pou wè ak sistèm Kòlèk Done atravè tout eta a ki rele SPARCS

10NYCRR, 400.18 (b) (2) ak (C) (2) (Lèt SPARCS)

# Enfòmasyon sou Matènite

Lopital (ak matènite yo) dwe founi yon kopi **Deklarasyon Dwa Manman Nouris** ak **Bwochi Enfòmasyon sou Matènite**pou pasyan nan matènite oswa reprezantan yo chwazi yo (nan moman anrejistreman davans lan, prezans nan klas edikasyon sou akouchman prenatal oswa nan admisyon) ak pou piblik jeneral la, sou demann.

**Deklarasyon Dwa Manman Nouris** egzije pou fanm enfòme sou obligasyon lopiel la pou bay esplikasyon sou bay tete, asistans ak sipò ak enfòmasyon sou avantaj bay tete ki san enterè komèsyal. Enfòmasyon sa yo ap enfòme w sou sa pou atann ou, chwa ak dwa akouchman ou yo, epi ede w planifye pou nesans bebe a.

**Bwochi Enfòmasyon sou Matènite** a gen ladann enfòmasyon sou pwosedi ak pratik nan matènite lopital ou a. Estatistik espesifik lopital la ak estatistik mwayen pou tout lopital NY ki bay swen matènite aktyalize chak ane. Sa pèmèt ou konpare estatistik lopital ou ak lòt lopital NY konsènan tip akouchman (pa eganp, sezaryèn), itilizasyon pwosedi yo chwazi pandan akouchman, kantite manman kap bay tete, oswa kantite sal travay akouchman oswa chanm pou dòmi ak bebe.

- **Kouvèti asirans Pasyan Entèn** nan Eta New York founi pou yon manman ak tibebe li pandan omwen 48 èdtan apre timoun lan fèt nan kouch nòmal ak owmen 96 èdtan apre yon sezaryèn. Mete sou sa, chak lopital dwe bay pasyan fòmasyon, asistans ak antrenman nan bay tete ak bibwon, ak tout evalyasyon klinik pou manm ak tibebe fenk fèt ki nesesè. Tyeke ak konpayi asirans ou pou jwenn plis detay sou kouvèti matènite.
- **Depresyon matènèl oswa deprimasyon** ka rive apre akouchman. Kò w sibi chanjman fizik ak òmonal, sa ka kite a santiman tristès, chanjman dimè, kòlè, anksyete ak movèz estim pou tèt ou, pandan plizyè jou oswa semèn apre akouchman. Deprimasyon rive souvan epi ap pase ofiamezi tan ap pase Doktè w ka rekòmande w kèk fason pou ede w santi w pi byen. Sak rive pi mwen souvan se depresyon matènèl Sentòm yo grav epi ka gen ladan yo santiman dezezpwa, anpil anksyete, pwoblèm pou manje, santiman ou pèdi kontwòl, ak lide pou fè tèt ou oswa tibebe a ditò. Kontake doktè ou konsènan sentòm sa yo, paske depresyon matènèl ka trete. Ou dwe kontakte doktè a san pèdi tan si w santi kòmsi ou ka fè tèt ou mal oswa bebe a.
- **Sendwòm tibebe sekwe** vle di domaj ki rive nan sekwe yon tibebe oswa yon timoun avèk vyolans. Nouvo paran bezwen konnen danje nan sekwe tibebe oswa timoun piti. Anpil fwa, yon founisè swen fristre pèdi kontwòl epi sekwe yon bebe pou l fè bebe a sispann kriye. Souvan,pa gen lentansyon pou fè timoun lan ditò, jis pou fè bebe a sispann kriye. Estrès pou pran swen yon timoun fenk fèt ka mete founisè swen an, san bliye paran, nan sitiyasyon pou sekwe yon bebe. Anvan ou kite lopital la, y ap mande w pou gade yon videyo sou danje ki genyen nan sekwe tibebe ak timoun piti. Y ap mande siyen yon fòm pou di ou te gade videyo a oswa te refize gade l. Pou plis enfomasyon sou sendwòm sekwe bebe, ale sou sitwèb Depatman Sante a health.ny.gov/prevention/injury_prevention/shaken_baby_syndrome/.
- **Kote ak pozisyon pou dòmi san danje**enpòtan pou anpeche bebe mouri sanzatann poutèt jan yo dòmi. Bebe fèt pou dòmi poukont yo, sou do ak nan yon bèso san danje pou yo fè tidòmi ak lannwit. Fòk matla gen yon matla fèm ak fouwo. Li rekòmande pou pataje chanm san pataje kabann. Bebe pa dwe dòmi sou kanape oswa chèz. Lopital la oswa matènite a ap bawou plis enfòmasyon sou dòmi san danje anvan ou pote bebe a lakay ou. Ale sou sitwèb Depatman Sante a nan: health.ny.gov/publications/0672/.

10NYCRR, 405.21 (c) (8) (iii): Lopital dwe garanti genyen klas edikasyon sou akouchman prenatal pou tout fanm ki anrejistre davan pou adrese gwosès, tranche ak akouchman, swen tibebe fenk fèt ak bay yo manje, bay tete, jwe wòl paran, nitrisyon, zefè lafimen, alkòl ak lòt dwòg sou bebe a, ak depistaj kay tibebe fenk fèt.

Lwa sou Sante Piblik, § 2803-j: Enfòmasyon pou pasyan matènite

Lwa sou Sante Piblik, § 2505-a: Deklarasyon Dwa Manman kap bay Tete

# Vyolans Domestik:
# Avi pou Pasyan Anvan Akouchman ak Pasyan Matènite

**Avi sa gen ladann enfòmasyon enpòtan pou w ou si w viktim vyolans nan kay. Si w se yon vyolans nan kay ou dwe mande pale ak yon moun sou sitiyasyon w epi bay enfòmasyon sa yo nan yon mannyè prive ak konfidansyèl. Dwa w yo kòm pasyan ap vyole si staf lopital la mande w si se yon viktim vyolans nan kay devan patnè oswa manm fanmi ki akonpaye w lan.**

## Eske Ou menm ak Bebe a an Sekirite?

Ou gen dwa pa an sekirite, si gen vyolans domestik nan vi w. Men kèk kesyon pou ede w konnen si y ap abize ou:

**Eske patnè ou blese w ak pawòl li?**

Eske li ensilte ou epi fè w santi w san valè?

**Eske li rabese w devan lòt moun?**

Eske li frape w?

Eske li pouse, bat, frape, baw koud pwen, toufe oswa kale ou?

Eske li fè ou fè bagay seksyèl ou pa vle fè epi blese w pandan sèks?

Eske li responsab tout bagay?

Eske li di w ki moun ou kapab wè ak pa ka wè oswa pale?

Eske li gen kontwòl tout lajan fanmi an?

**Eske li fè w pè?**

Eske li fè kòlè, vin jalou anpil oswa kraze bagay?

Eske li menase pou l blese, timoun yo, bèt yo ak tèt limenm?

Viktim vyolans domestik pa toujou sibi vyolans fizik. OSi w te reponn “wi” pou youn nan kesyon anwo yo, ou ka ap sibi vyolans. Oumenm ansanm ak timoun yo ka andanje.

**Ou pa poukont ou.**

**Pa blame tèt ou.**

**Pou merite pou viktim.**

Eske ou te konnen vyolans nan kay pafwa kòmanse epi vin pi mal pandan gwosès?

E lè sa se pa oumenm sèlman ki blese:

- Yon fanm ki sibi atak pandan gwosès li gen anpil chans pou l fè avotman, enfeksyon, emoraji, anemi ak lòt pwoblèm sante. Sa ka afekte ni li ni bebe a.
- Li gen de fwa plis chans pou l fè yon bebe ak twò piti pwa lè li fèt.
- Pi fò gason ki frape patnè yo bat timoun yo tou. Sèten ladan yo fè vyolans seksyèl sou timoun tou.
- Timoun ki gen papa yo ap bat manman yo ka soufri pwoblèm sante, pwoblèm pou yo dòmi, kòlè, santiman yo koupab, laperèz al anksyete.
- Chak ane, plis pase 1.000 timoun nan peyi Etazini mouri akòz blesi yo sibi nan men paran, responsab yo oswa lòt moun.

**Oumenm ak bebe ou pa merite pou yo trete yo konsa.**

**Ou gen dwa pou gen sekirite.**

**Gen èd disponib.**

**Ki kalte èd ou bezwen?**
Sèvis annapre yo disponib nan pi fò kominote. Tou sa w di ap rete konfidansyèl.

- Liy asistans (hotlines): yon konseye ap pale avèk ou nan telefòn epi ba w enfòmasyon, ouben jis koute. L ap di w tou kote toupre lakay ou pou rele oswa ale pou jwenn plis èd, si ou bezwen. Nimewo liy asistans yo anba la.
- Gwoup sipò: ou ka pale ak lòt fanm ki viv sa w ap sibi a (yon gwoup sipò). Sa ka ede santi ou pa poukont ou e ou ka pataje lide ak enfòmasyon sou sekirite.
- Sèvis pou timoun: anpil pwogram gen sipò sikolojik ak sipò pou timoun pou ede yo konprann sa kap pase. Sa ba yo yon chans pou pale sou sa yo santi.
- Sèvis defans ak lòt sipò: yon moun ka ede w atravè "sistèm" lan." Moun sa se ka yon militan kap goumen kont vyolans nan kay. Sèvis defans souvan gen ladann èd pou jwenn konseye jiridik, sipò sikolojik, swen sante, lojman ak yon djòb ak sèvis sosyal.
- Lapolis ak tribinal yo: lapolis ka ede w nan anpil fason, tankou mennen ou ansanm ak pitit ou yo yon kote ki ansekirite nan yon siityayon ijans. Tribinal fanmi ak kriminèl ka ede lè li mete deyò yon òdonans pwoteksyon oswa yon desizyon sou gad timoun, vizit oswa sipò pou timoun.
- Abri: pi fò konte gen abri ak kay ansekirite kote oumenm ak pitit ou yo ka rete. Abri ka ede w jwenn anpil nan sèvis ki site anwo a.

Pèsòn pa "mande sa", e pèsòn pa dwe ap viv nan laperèz. Ou dwe timoun ou yo ak tèt ou sa, pou nou viv ansekirite.

**Ou pa poukont ou.**

**Gen èd disponib.**

## Liy asistans Eta New York

**Liy Asistans pou Vyolans nan kay ak seksyèl NYS: 1-800-942-6906**
CONFIDANSYEL 24 èdtan/7 JOU
Angle & Espayò, aksè nan plizyè lang
Soud oswa Difisil pou Tande : **711**

Nan NYC: **311** oswa **1-800-621-HOPE (4673)**

TDD: **1-866-604-5350**

Pou jwenn plis resous nan resous NYS ak nasyonal (jenès, militè, LGBT):
**Office for the Prevention of Domestic Violence: http://www.opdv.ny.gov/**
**Rape Crisis and Sexual Violence Prevention Program: https://www.health.ny.gov/prevention/sexual_violence/resources.htm**

**Office of Children & Family Services**
Pou rapòte vyolans sou timoun: **1-800-342-3720**

**National Committee to Prevent Child Abuse: 1-800-342-7472**
Liy pou jwenn Enfòmasyon pou fè prevansyon ak pou ede paran

# Vyolans Domestik: Avi Konsènan Dwa Viktim yo

**Avi sou dwa Viktim yo te prepare pou enfòme viktim vyolans nan kay sou dwa legal ak rekou yo genyen dapre lalwa. Si w se yon viktim vyolans domestik nou ankouraje w mande pou pale an prive ak yon travayè sosyal oswa yon moun ki kapab ede w. Ou dwe pase entèvyou an poukont ou san moun ki akonpaye w la pa wè w ni tande w. Dwa w yo kòm pasyan ap vyole si staf lopital la mande w si se yon viktim vyolans nan kay devan patnè oswa manm fanmi ki akonpaye w lan.**

## Si w se viktim domestik:

**Lapolis ka ede ou:**

- Chèche yon kote ansekirite lwen vyolans lan;
- Jwenn enfòmasyon sou jan tribinal la kapab ede w pwoteje tèt ou kont vyolans la;
- jwenn swen medikal pou blese oumenm oswa timoun ou o ka genyen;
- pran bagay ou genyen ki nesesè lakay ou pou w ou ak timoun yo;
- jwenn kopi rapò lapolis sou vyolans lan; oswa
- depoze yon plent nan tribinal penal, epi di ou kote tribinal penal ak fanmi nan zòn ou an twouve yo

**Tribinal yo ka ede w:**

- Ou gen dwa pran pote ka w la devan tribinal kriminèl yo, tribinal fanmi an oswa toulede.
- W ap jwenn fòm ou bezwen yo nan tribinal fanmi an ak tribinal kriminèl la.
- Tribinal yo ka dedise founi yon desizyon tanporè pou pwoteksyon ou, pa timoun yo ak tout temwen ki ka mande youn.
- Tribinal fanmi an ka asiyen w yon avoka pou ede w nan tribinal si yo dekouvri ou pa ka peye pou youn.
- Tribinal fanmi an ka mande pansyon alimantè tanporè pou timoun ak yon gad tanporè timoun ou yo.

**Lwa Eta New York:**
Si w se viktim vyolans domestik, ou ka mande pou yon ofisye ede nan sekirite w k pa pitit ou, tankou bay enfòmasyon sou kijan pou jwenn yon desizyon pwoteksyon tanporè. Ou ka mande tou pou jwenn zafè pèsonèl ou, lokalize w epi mennen w, oswa ede nan fè aranjman pou menmen w ak timoun yo nan yon kote ki gen sekirite anndan jiridiksyon ofisye a, tankou men pa sa sèlman yon pwogram vyolans nan kay,kay yon manm fanmi oswa zanmi, oswa yon kote ki gen sekirite menm jan. Lè jiridiksyon ofisye a depase yon sèl konte, ou ka mande ofisye a pou l menmen w oswa fè aranjman pou l mennen oumenm ak pitit ou yo yon kote ki gen sekirite nan konte a kote ensidan an te rive a. Si oumenm oswa pitit ou yo bezwen tretman medikal, ou gen dwa mandepou ofisye a ede w nan jwenn tretman medikal sa.  Ou ka mande yon kopi nenpòt rapò ensidan gratis nan pòs polis la.

“Ou gen dwa pou chèche konsèy jiridik ki nan gou w epi si ou pwosede nan tribinal fanmi an epi si yo jwenn ou pa ka peye yon avoka, yo dwe asiyen w youn san ou pa peye anyen. Ou ka mande pwokirè zòn lan oswa yon ofisye polis pou l depoze yon plent kriminèl. Ou gen dwa tou pou depoze yon petisyon nan tribinal fanmi an lè yon atak familyal fèt kont ou. Ou gen dwa poou gen petisyon w lan ak demann pou an pou yon desizyon pwoteksyon depoze menm jou ou parèt nan tribinal, e pou rekèt sa yo tande menm jou an oswa pwochen jou tribinal la an sesyon. Chak tribinal ka soti yon òdonans pwoteksyon kont konpòtman ki reprezante yon atak sou fanmi an ki

se ka, pami tout lòt bagay, yon òdonans pou repondan oswa defandè a rete lwen w ou ak timoun ou yo. Tribinal fanmi ka òdone tou pou yo peye w pansyon alimantè tamporè ak pou yo bawou gad tanporè timoun ou yo. Si tribinal fanmi an pa nan sesyon, ou ka mande asistans imedya nan tribinal kriminèl la ak yon òdonans pwoteksyon. Fòm ou bezwen yo pou jwenn yon òdonans pwoteksyon disponib nan tribinal fanmi an ak tribinal kriminèl lokal la. Resous disponib nan kominote a pou enfòmasyon ki gen pou wè ak vyolans domestik, tretman blesi, ak kote ki gen sekirite ak abri ka gen aksè fasil lè w rele nimewo 800 annapre yo. Depoze yon plent kriminèl oswa petisyon tribinal fanmi ki gen ladann akizasyon ou konnen ki fo se yon krim."

## Chèche èd kounye a Pwoteje tèt ou Fè Pridans

**Rele:**
**1-800-942-6906**
(Angle ak Espayòl)
(24 èdtan)

oswa rele Pwogram pou Vyolans nan Kay lokal ou a

# Deklarasyon Dwa Paran yo

**Lè ou se yon paran, yon responsab legal oswa moun ki gen otorizasyon pou pran desizyon pou yon pasyan timoun k ap resevwa swen sante nan lopital sa a, ou gen dwa, dapre lalwa, pou sa ki endike anba la yo:**

1) Pou fè lopital la konnen non pwofesyonèl swen prensipal pitit ou, si ou konnen li, epitou pou fè yo note enfòmasyon sa a nan dosye medikal pitit ou.

2) Pou asire lopital nou an ap admèt sèlman pasyan timoun nan limit ki annamoni avèk mwayen lopital nou an pou bay ekip ki kalifye, espas ak ekipman ki gen dimansyon apwopriye ki nesesè pou bezwen inik pasyan timoun yo.

3) Pou pèmèt omwen yon paran oswa yon responsab legal rete avèk pitit ou toutan, nan limit ki posib dapre bezwen sante ak sekirite pitit ou.

4) Pou yon doktè, yon asistan doktè, oswa yon enfimyè pratisyen ki abitye avèk maladi pitit ou nan moman an revize tout rezilta tès pitit ou fè yo pandan admisyon li oswa pandan vizit li nan saldijans lan.

5) Pou pitit ou pa jwenn egzeyat nan lopital nou oswa nan saldijans nou jouk lè yon doktè, yon asistan doktè, ak/oswa yon enfimyè pratisyen revize nenpòt tès nou kapab prevwa yon fason rezonab k ap bay rezilta ki gen enpòtans kritik epitou pou yo kominike rezilta yo ba ou oswa ba moun k ap pran desizyon yo, epitou ba pitit ou, si li apwopriye. Rezilta ki gen enpòtans kritik se rezilta ki sijere yon maladi ki menase lavi ou oswa maladi grav ki lakòz ou bezwen atansyon medikal imedyatman.

6) Pou pitit ou pa jwenn egzeyat nan lopital nou oswa nan saldijans nou jouk lè oumenm oswa pitit ou, si li apwopriye, resevwa yon plan egzeyat alekri, n ap kominike aloral ba ou ak ba pitit ou oswa ba lòt moun k ap pran desizyon medikal yo. Plan egzeyat alekri a ap idantifye sitou nenpòt rezilta kritik tès laboratwa oswa lòt tès dyagnostik doktè rekòmande yo pandan tan pitit ou pase nan lopital la epitou l ap idantifye nenpòt lòt tès nou poko fè konklizyon sou yo.

7) Pou nou ba ou bon jan rezilta ak plan egzeyat pou pitit ou nan yon mannyè ki asire, yon fason rezonab, oumenm, pitit ou (si li apwopriye), oswa lòt moun k ap pran desizyon yo konprann enfòmasyon sou sante nou ba ou pou ou kapab pran desizyon ki apwopriye sou sante.

8) Pou pwofesyonèl swen prensipal pitit ou, si ou konnen li, resevwa tout rezilta tès laboratwa konsènan ospitalizasyon sa a oswa vizit sa a nan saldijans lan.

9) Pou mande enfòmasyon sou dyagnostik la oswa sou posib dyagnostik nou te konsidere pandan epizòd swen sante ak konplikasyon ki kapab devlope yo ap enfòmasyon sou nenpòt kontak ou te pran avèk pwofesyonèl swen prensipal pitit ou.

10) Pou ou resevwa, nan moman egzeyat pitit ou nan lopital la oswa nan depatman ijans lan, yon nimewo telefòn ou kapab rele pou mande konsèy si ta gen konplikasyon oswa sizoka ou gen kesyon konsènan pwoblèm medikal pitit ou.

Lwa sou Sante Piblik (Public Health Law, PHL) 2803(i)(g) Dwa Pasyan 10NYCRR, Seksyon 405.7

NEW YORK STATE | Department of Health

Kesyon oswa Kòmantè:
**hospinfo@health.ny.gov**

NEW YORK STATE | Department of Health

Swiv nou sou:
health.ny.gov
facebook.com/nysdoh
twitter.com/HealthNYGov
youtube.com/nysdoh

1513 (Haitian Creole) Revised - 2/18